ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪандэрэ КЪыдокI

№3 (23.973) ● 2020 гъэм щIышылэм (январым) и 14, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зэман гъунэгъум зэфIэгъэкIын хуей Iуэху нэхъыщхьэхэм топсэлъыхь

Псалъэмакъыр нэхъыбэу зытеухауэ щытар республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIауэ зэман гъунэгъум зэфIэгъэкIын хуей Iуэхуэрщ. Абыхъэм ящыщ нэхъыщхьэ дыдэхэм хеубыдэ 2020 гъэм ди щIыналъэм пIэпкъ проект пэрытхэр щыгъэзэщIэныр.

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIащи, иджыпсту Iуэху пыухыкIахэр зэфIагъэкI инвестицэхэр къызэщIэгъэуIэным, Iэхуэщ1аIэщIэхэр зэтегъэувэным, хьэрычэт Iэнатlэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я зыужьыныгъэр щIэгъэхуэбжьэным, туризмэм, ухуэныгъэм, мэкъумэш хозяйствэм, транспортым, гъэзугъэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ.

Республикэм и премьер-министр **Мусуков А. ТI**. жиащ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ ягъэувауэ щыта кьалэнхэр я нэхъыбапIэкIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым кьыхигъащхьэхуIащ макроэкономикэмкIэ бжыгъэхэм арэзы утехьэ зэрыхъунур. КьыззэрабжамкIэ, валовэ щIыналъэ продуктыр сом мелярдипI 145,6-м ноблагъэ, ар 2018 гъэм елытауэ проценти 101,5-рэ мэхъу. ЗэкIэ зэрыхуагъэфащэмкIэ, мэкъумэш хозяйствэм и продукцэу сом мелард 53,7-рэ и уасэ, 2018 гъэм елытауэ проценти 105-м нэблагъэ, кьалэжьащ. Розницэ сатур 2019 гъэм сом мелярди 135,9-рэ мэхъу икIи зекIуэ уасэхэм ятещIыкьауэ ар нэгъабэ елытауэ процентти 101-м ноблагъэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм кьиргъэлъэгуащ дыззырыт гъэм, апхуэдэу адэкIэ кьыкIэлъыкIуэ илъэситIым нэхъ зэгъэуIуауэ лэжьэн папщIэ министерствэхэр кьапэщIыт Iуэхуэхэм зэрыхэплъэжьапхъэр. Псом хуэмыдэу нэхъ гупсэхуу егупсысыпхъащ инвестицэ проект пэрытхэр гъэхьэзырыныгъэ гъэзэщIэныгъэ, ныкIуэущIу кьанэ ухуэныгъэхэм я бжыгъэм кIэрыгъэхуным, республикэм и жылагъуэхэр псыкIэ кьыззэрызрагъэпэщыр егъэфIэкIуэным.

ЗэIущIэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм кьыщахьа ТекIуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъур, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр кьызэрызэрагъэпэщыр илъэси 100 зэрыхъур гъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьэзырым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIпIэ.

● Дыгъуасэ

Печатым и махуэр ягъэлъапIэ

Урысей печатым и махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэм щагъэлъапIащ Налшык къалэм дэт Печатым и унэм.

ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР цIыхубэм я деж нэзыхьэс IэщIагъэлIэным ехъуэхъуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин**.

- ЦIыхум и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ лэжьыгъэщ журналистхэм ирахьэкIыр. Ахэр къогъэгурыкIуэ я псалъэм пщIэ иIэу, хъыбарыфIхэр цIыхухэм лъагъэIэсу. Дыхуейт адэкIи фи фIэкIым хэвгъэхуэну, ехьулIэныгъэщIэхэр фиIэну. IэщIагъэ кьыхэфхам и хьер флъагъуну ди гуапэщ, - жиIащ Къумахуэм.

Министрыр къеджащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** Урысей печатым и махуэмкIэ журналистхэм кьызэрехъухьу тхыгъэм. ХъыбарегъащIэ IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуащIым папщIэ, КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр хуагъэфэщащ республикэм и журналист 29-м. Абыхъэм яхэтщ «Адыгэ псалъэ» газетым и кьудамэм и унафэщI, «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь **Истэпан Залинэ**, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Багъэтыр Луиз**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и журналистхэу **Моттаевэ Светланэрэ Габуевэ Аннэрэ**, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ **Жангуразовэ Нажабат**, «Советская молодежь» газетым и кьэлэнхэр **Печоновэ Наталье**, нэгъэущIэхэр.

КъБР-м и МВД-м и ФIыщIэ тхыгъэхэр хуагъэфэщащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, газетым и редактор **Уэрдокъуэ Жен э**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Конаревэ Наталье**, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Аттаев Жэмалрэ** газетым и редактор **Тикаевэ ФатIимэрэ**, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къардэн Мухьэмэд**, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Къаныкъуэ Заринэ**, ТАСС урысей хъыбарегъащIэ IэнатIэм и корреспондент **Гериевэ Iэсият** сымэ, нэгъуэщIхэми.

Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Соловьёв Геннадий кьыбгъэдэкIыу зи махуэр зыгъэпсалъэнхэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Шаваевэ Разият**. Абы Iэхуащ1аIпIэм и ЩIыхь тхылъхэмрэ ФIыщIэ тхыгъэхэмрэ зыхуагъэфэщахэм яритыжащ. Урысейм и журналистхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIыхь тхылъыр кьыхуагъэфэщащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор **Жыласэ Маритэ**. КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIыхь тхылъыр дыжьын дамыгъэрэ иратащ «Адыгэ псалъэм» и лэжьакIуэ **Щомахуэ Залинэ**, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Аброкъуэ Бэллэ**, нэгъуэщIхэми.

Урыс географие зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэмрэ УФ-м Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэмрэ кьабгъэдэкIыу ягъэлъапIащ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэ **Бэрбэч Борис**.

Апхуэдэуи а махуэм ягъэпэжащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм тхыгъэ нэхъыфIхэр ягъэбелджылын мурадкIэ 2019 гъэм и кIэм иригъэкIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуэхэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычпхъ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Бэлагъы Къантемыр аргуэру зы саугъэт къехь

● Хъыбар гуапэ

Налшык щыщ режиссёр щIалэ Бэлагъы Къантемыр теухуа хъыбарыщIэхэм ящ нэхъ пасэу зи гугъу тщIа «Дылда» («КIыхьсолэ») фильмым иджы США-м хьхьэ Палм-Спрингс къалэм щекIуэкIа дунейпсо фестивалым FIPRESCI саугъэтыр къызэрыщихьар.

«ХАМЭ къэралыбзэкIэ ягъэува фильм нэхъыфI дыдэ» унэтIныгъэрщ мызыгъэугу Къантемыр и лэжьыгъэр кьыщыхагъэщар.

Палм-Спрингс щекIуэкIа зэпеуэр США-м щызэхьэхэ кинофестиваль нэхъ инхэм ящыщщ. 1989 гъэм щегъэжьауэ ар илъэс къэс ирагъэкIуэкI американ уэрджыIакIуэ, артист Боно Сонни и жэрдэмкIэ. Бэлагъы Къантемыр а саугъэт дыдэр 2017 гъэм «Тестнота» фильмым щхьэкIэ кратауэ щытащ.

Нэхъ пасэу щыгъуазэ фытщIауэ щытащ Бэлагъыхэх я щIалэр «Оскар» саугъэтым щхьэкIэ зэпеуэнухэм я «кьебжэкI кIыхьым» зэрыхэхуам. Зэпеуэр унэтIныгъэ 24-кIэ йоекIуэкI. «Оскар» саугъэтыр зыт комитетым «кьебжэкI кIэщI» жьхуаIэм хиубыдэну фильмитIщIым я щIэкьеIуэ щIышылэм и 13-м. ТекIуэхэр мазаем и 9-м Лос-Анджелес къалэм дэт «Долби» театрым утыку кьыщрашэнущ.

Ар Урысей телевиденэм и япэ каналымкIэ къагъэлъэгъуэн хуэдэу къьхьар щIыIэщ. Налшык щыщ щIалэр апхуэдэпщIэ зиIэ зэпеуэм зэрынэсыфар ехьулIэныгъэ зэрыизэрымыкIуэщ. ИтIани, нэхъыфIыжьым щIэмыхъуэпс щIыIэкъыми, адыгэхэм я дежкIэ угьрыльуэ ежьа мы илъэсым Къантемыр и ехьулIэныгъэмкIи дигъэгуфIэну допльэ. И насып Тхьэм тригъакIуэ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуей-хэм хъыбар фыдогъащIэ: ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1аIпIэми.

Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 580-рэ кIэнIейкIэ 25-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩIышылэм и 14, *гъубж*

♦ МахуэгъэпсыжьымкIэ Илъэсыщ1ым и япэ махуэщ ♦Узбекистаным щагъэлъапIэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэр

♦1700 гъэм Пётр Езанэм унафэ ищIащ европэ къэралхэм щыпсэухэм я щыгъынхэм хуэдэхэмкIэ пщы псомиз захуэпэн хуейуэ.

♦1814 гъэм Санкт-Петербург кьыщызэIуахащ Императорыр и библиотекэр. Абы тхылъ кьыIах хъунут апхуэдэ гупыж зыщI дэтхэнэми.

♦1921 гъэм Налшык кьыщызэIуахащ къэрал библиотекэ.

♦1929 гъэм Москва областыр зэрыкIэрэпэщащ.

♦1980 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и зи мычэзу сессием щытепсэлъыхьащ советыдзэхэр Афганистаным зэрырашам икIи СССР-м ича лъэбакъэхэр зэрымыарэзыр жаIащ.

♦Адыгэпщ, Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, дзэ кьулыкъущIэ **Черкасский Дмитрий (Къанщауэ)** кьызэралъхурэ илъэс 439-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ **ЩакIуэ Талъостэн** кьызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, Сталиным и щIэкIэ щыIа саугъэтыр зрата **Рыбаков Анатолий** (и унэцIэ дыдэр **Наумовщ**) кьызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, **ШэвлокъуэЗ Валентин** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ **Уэтэр Анатолий** кьызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист, Олимп джэгуэхэм тIэунейрэ (1972, 1976 гъэхэм) щытекIуэ, дунейми Европэми мызэмыгъэ я чемпиону щыта **Харламов Валерий** кьызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Емуз Нинэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Самохинэ Аннэ** кьызэралъхурэ илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

ЩIышылэм и 15, *бзаржьей*

♦Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и Комитетым кьыщызэрагъэпэща махуэщ (2011 гъэм)

♦Википедием - ИнтернеткIэ къагъэсэбэп щIэнгъуэзэм - лэжьэн щыщIидза махуэщ (2001 гъэм)

♦Хорватиер къэрал щхьэхуэу кьыщалъыта махуэщ (1992 гъэм). Европэ зэгухьэныгъэм щыщ къэрал 12-м ар щхьэхуиту кьалъытауэ щытащ.

♦1759 гъэм Британие империям и тхыдэ-археологие музейр (Лондон дэтщ) цIыхухэр щыщIыхьэу зыщапIыхьыжьыну кьызэIуахащ.

♦1897 гъэм Урысейм дыщэ ахъшэ щызыкIуэу щIидзащ. Сомыр дуней псом щынэхъ гъэщ дыдэ валютэ хъуат.

♦1943 гъэм Пентагоныр - США-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и унэр - ухуэн яухащ.

♦1955 гъэм Китайм и Iэтащхьэхэм унафэ кьащтащ езыхэм я ядернэ Iэщэ ящIыным теухуауэ.

♦2006 гъэм Чилим щыяпэу я къэралым и президенту цIыхубз хахауэ щытащ. Ар Бачелет Мишельщ, 2014 гъэм и гъатхэпэм и 11-м ар етIуанэу а къулыкъум хахащ икIи 2018 гъэм гъатхэпэм и 11 пщIондэ лэжьащ.

♦Франджы драматург-комедиограф, актёр **Мольер Жан** кьызэралъхурэ илъэс 398-рэ ирокъу.

♦Урысей дипломат, драматург, усакIуэ **Грибоедов Александр** кьызэралъхурэ илъэс 225-рэ ирокъу.

♦Урыс математик, тхакIуэ **Ковалевская Софье** кьызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ, композитор, Iэрыпlуатэдж **Кубз Шэбан** кьызэралъхурэ илъэси 130-рэ ирокъу.

♦Урыс усакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, критик **Мандельштам Осип** кьызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и УнафэщIу 1957 - 1969 гъэхэм щыта **Ахъуэхъу Аслъэнбий** кьызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦ПсыщIагъырыкIуэ кхъухьым и унафэщIу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Маринеску Александр** кьызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Актёр, СССР-м и цIыхубз артист **Лебедев Евгений** кьызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦МыысыпI и президенту щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Насер Гамал Абдель** кьызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубз артист, Хэку зауэшхэм хахуэу хэта **Весник Евгений** кьызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, Социалист Лжьыгъэм и ЛIыхъужь **Носов Евгений** кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦США-м цIыху зэхэгъэщащIу мыдэным и бэнакIуэ лъэщу, зи фэр фIыцIэхэм я къыщхьэщыжакIуэу щыта, Нобель и саугъэтым и лауреат **Кинг Мартин Лютер** кьызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Дагъыстэным щыщ композитор, дирижёр, СССР-м и цIыхубз артист **Кажлаев Мурад** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦ПшынауI Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэх зиIэ и артисткэ **Бырмамыт Гуащхъарэ** кьызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, Iэрыпlуатэдж, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шэрджэс Алий** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м и цIыхубз артист **Дунаевский Максим** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Урысей журналистку, телензтынхэр езыгъэкIуэкI, Урысей телевиденэм и академием хэт, «ТЭФИ» саугъэтыр щэнэйрэ зыхуагъэфащэ **Сорокинэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфащэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нэхъыжь кIэлъыджэркъым - кIэлъокIуэ.

2020 гъэм Урысей Федерацэм и цIыхуэр пэублэ дзэ учётым гъэувыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэгъэпэщынымкIэ лэжьыхъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ и Указ

«Дзэм пыщIа къалэнымрэ дзэ кьулыкъымрэ я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ **унафэ щIэ:**

1. Къэщтэн мы Указым щIыгъуэху:

Урысей Федерацэм и цIыхуэр дзэ учётым гъэувынымкIэ муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я комиссэхэм хэтхэр;

Урысей Федерацэм и цIыхуэу 2020 гъэм пэублэ дзэ учётым ягъэувын хуейхэм я узыншагъэр кьыщапщытэну икIи абыхъэм щеIэзэну медицинэ Iуэхущ1аIпIэхэм я спискэр.

2. Урысей Федерацэм и цIыхуэм дзэ учётым гъэувынымкIэ муниципальнэ районхэм, кьалэ округхэм я комиссэхэм кьалэн ящыщIын 2003 гъэм кьалъхуа цIыхухъуэхэр, абы нэхърэ нэхъыжьхъу дзэ учётым щымытхэр, ауэ щыгъэн хуейхэр пэублэ дзэ учётым гъэувынымкIэ 2020 гъэм щIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ гъатхэпэм и 31-м нэсыху зэфIагъэкIыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм кьалэн щыщIын Урысей Федерацэм и цIыхуэху пэублэ дзэ учётым ягъэувын хуейхэм я узыншагъэр кьапщытэн папщIэ медицинэ Iуэхущ1аIпIэхэм и лэжьакIуэхэр кьызэрырашэлIэну щIыкIэмрэ пIалъэхэмрэ иубзыхуну.

4. ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэм чэнджэщ етын 2003 гъэм кьалъхуа цIыхухъуэхэр, абы нэхърэ нэхъыжьхъу дзэ учётым щытын хуейхэр, ауэ щымытхэр пэублэ дзэ учётым и зэманым ягъэувын папщIэ кьекIуэлIэнымкIэ Iэмалхэр кьызэрагъэпэщыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм кьалэн щыщIын Урысей Федерацэм и цIыхуэр пэублэ дзэ учётым гъэувыным пыщIа Iуэхуэхэр цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущ1аIпIэхэм кьагъэлъэгъэныр кьызэригъэпэщыну.

6. Мы Указым кьаруу егъуэт Iэ щыщIэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№145-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм, IэнатIэм и ветеранхэм я махуэшхуэмкIэ йохъуэхъу

Республикэ прокуратурэм и коллегием и зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэр IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ ветеранхэмрэ я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ. Абы къыхигъэщхьэхуIащ нобэ прокуратурэм щылажьэхэм нэхъыжьхъэм кьыхуагъэна хабзэфIэхэм зэрахуэпэжыр икIи я кьалэныр IэкIуэлъакIуэу икIи егупуу зэрырахьэкIыр.

«ДЭ ПЩIЭШХУЭ худощI Къэбэрдей-Балъкъэрым законымрэ хабзэмрэ щыхъумэным хуэгъэзауэ фэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэм. Иджыпсту ди щIыналъэм жылагъуэ-политикэ щытыкIэ зэпIэзэрыт зэрыщыщIым, цIыхухэр зэгурыIуэу зэрыщыщэдзэлажьэм, шэч хэмылъу, я фIыщIэ хэлъщ фи IэнатIэм и лэжьакIуэхэм», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм кьиргъэлъэгъуащ мы гъэми, кьыкIэлъыкIуэну адрей илъэсхэри республикэм и кьэрал властым и органхэмрэ прокуратурэмрэ лъэпкъ проектэр гъэззэщIэныр ехьулIа кьалэн инхэр икIи жэуапльныгъэшхуэ зыпылъхэр дагъэкIыну кьаззэрыпэщытыр икIи абы хиубыдэу кьэрал мылъкур зэгъэззэхуауэ кьагъэсэбэпыным ткIийуэ кIэлъыплъын зэрыхуейр. Абы къыдэкIуэу гулъытэшхуэ ягъуэтын хуейщ нэхъ хуэмыщIауэ псэуэрэ я социальнэ хуитныгъэхэр хъумэным, балигъ мыхъуахэм кьащьэщыжьным, хьэрычэтыщIэхэм щытракъузэ кьэмыгъэхуэным, лэжьыгъэмкIэ законодательствэм ткIийуэ тетыным, щIыуэпсым и хуэгъэфIыгъуэхэмрэ дыкъэзыухъурейхэ дунеймрэ хъумэным, цIыхухэм я гъащIэр, я псэукIэр зэтъыта нэгъуэщI Iуэхухэм.

КIуэкIуэ К. В. прокуратурэм и лэжьакIуэхэм я кьалэнхэр хьэлэлу зэрырагъэкIыр кьыхигъэщхьэхуIащ. ФIыщIэ хэха абы яхуищIащ законыр гъэбыдэным илъэс куэдкIэ телъжьа, Iуэхум хьэлэлу пэрыт лэжьакIуэхэм я щIэблэщIэхэр зыгъэса ветеранхэм.

«Дэ псоми ди мурадыр зыщ - ар цIыхубзым я шынагъуэншагъэмрэefIэкIуэныгъэмрэщ. ФIыщIэ ин зыпылъ а кьалэныр щыдэкIынур властым и органхэмрэ хабзэхуэмэ IэнатIэхэмрэ я кьарур зрагъэуIумэщ, ахэр быдэу зэпыщIауэ зэдзалажьэмэщ. Ар дэ нэгъэсауэ кьыдгуроIуэ, икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я Iуэхур дэгъэкIыным хуэунэтIауэ ди зэдзэлэжьэныгъэм адэкIи зедгъэужьынущ», - жиIащ щIыналъэм и унафэщIым.

КIуэкIуэ Казбек республикэм и прокуратурэм и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ ахэр зыгъэпэт IэнатIэ мытынышьм, ауэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэм ехьулIэныгъэхэр кьыщахьыну, узыншагъэ быдэ, унагъуэ насып яIэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1аIпIэ.

● Псапэ

Iэмэпсымэхэр тыгъэ яхуещI

«РусГидро»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм, илъэс хъэ ирогъэкIуэкI «Рождённые энергией» псапащIэ Iуэхум хьхьэу, республикэм и медицинэ Iуэхущ1аIпIитIым IэнатIэм кьащыхуэщIьэпэн Iэмэпсымэхэр тыгъэ яхуищIащ.

НАЛШЫК къалэ дэт Кардиологие центрым Iэрыхьащ электрогенератор. Абы и фIыгъэкIэ сымаджэм джкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iэмэпсымэхэр зэпыу имыIэу лэжьэнущ. Бахъсэн район сымаджэщым и лъхуанIэ унэм хуашащ цIыхубз уэндэгъуэхэмрэ сабий кьалъхуагъащIэхэмрэ я узыншагъэм тэмэму зэрыкIэлъыплъыфын оборудованэхэр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и кьудэзэ Аникушинэ Татьянэ «РусГидро»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщI Кладько Игорь фIыщIэ хуищIащ республикэм и медицинэ Iуэхущ1аIпIэхэм псапащIэ Iуэхукlэ щIэх-щIэхьыурэ дэIэпыкъуэгъу кьаззэрыхуэхъум папщIэ.

«РусГидро»-м 2013 гъэ лъандэрэ «Рождённые энергией» псапащIэ Iуэхур ирегъэкIуэкI. А зэманым кьриубыдэу абы республикэм сабийхэм щIэлъэ и Iуэхущ1аIпIэхэм тыгъэ яхуищIащ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэу сом мелъуани 5-м ноблагъэ и уасэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Апажэ Тамарэ Шис и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №14-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кІулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100-нэ статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117-нэ статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкІуэ судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ, 7-нэ статьяхэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Апажэ Тамарэ Шис и пхъур Налшык суд районым и суд участкэ №14-м и зэзыгъэкІуэ судыщІэм и кІулыкъум илъэсищ пІальэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэ къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м
№77-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Хъэ1упщы Арсен Хъусен и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкІэ и комитетым къыхэгъэкІыжын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат **Дзыхьмыщі Мартин Хъэсэн и къуэр** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Физкультурэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмкіэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкІэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м
№78-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Физкультурэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэр хэхьным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Физкультурэмкіэ, спортымкіэ, туризмэмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэу хэхьн Бечеловэ Людмилэ Музэфар и пхъур.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м
№79-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ хэхыгъуэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ Жылагъуэ советым теухуа Положенэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ хэхыгъуэм и деж щыІэ Жылагъуэ советыр къэщтэн мы къыкІэлъыкІуэхэр хэту:

Атмурзаевэ Иринэ Ахъмэт и пхъур
Афэ Хьэсэнбий Хьэмидбий и къуэр
Бегиев Заур Мажмудин и къуэр
Бечелов Ильяс Борис и къуэр
Бэгъэтэр Алим Забид и къуэр
Джэш ФатІимэ Іэюб и пхъур
Головатенкэ Аннэ Василий и пхъур
Гуппоев Тимур Борис и къуэр
Жыджэт Александр Азэмэт и къуэр
Жыгыгъу Радий Тембуй и къуэр
Заруцкий Александр Станислав и къуэр
Иванов Игорь Виктор и къуэр
Кьарэнашэ Іэминат Ахьмэд и пхъур
Къылъшыкъуэ Альберт Иэзт и къуэр
Кладько Игорь Евгений и къуэр
Копейкин Андрей Анатолий и къуэр
Макитов ТІалип Азнор и къуэр
Марьяш Нинэ Сергей и пхъур
Михайленкэ Ольгэ Иван и пхъур
Сидорук Павел Федор и къуэр
Сыжажэ Валерий Хъусен и къуэр
Сурженкэ Николай Федор и къуэр
Таукеновэ Галинэ Малкъэрбий и пхъур
Теммоев ТІэхьир Юсуф и къуэр
Тогузаев ТІэхьир Хьэт и къуэр
Тхъэзэплъ Аниуар Мухьэжид и къуэр
Федченкэ Людмилэ Михаил и пхъур
Хъущт Асльэнбэч Виталий и къуэр
Щоджэн Роберт Исуф и къуэр
Щоджэн Едыдж Хьисэ и къуэр
Шурдым Юрий Хьэпагуэ и къуэр
Ячный Игорь Владимир и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі

ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м
№94-П-П

2019 гъэм кърикІуахэм ироплъэж

● Абы дегъэпІейтей

Урысейм къэхъуакъащІэ шынагъуэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Гурович Андрей и унафэм щІэту Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ Урысей МЧС-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм (СКФО) щиІэ Іуэхущіапіэхэм 2019 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуам щыхэплъэжа зэІущІэ.

АБЫ хэтащ Урысей МЧС-м и центральнэ аппаратым и лЫкІуэхэр, СКФО-м щыІэ Управленэ нэхъыщхьэхэм, Урысей МЧС-м и Кавказ-Ищхъэрэ къэлэныхъуакІуэ-къеГэлакІуэ гупым, зэбгъэтІылъэкІ мыхъун психологие дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центрым и къудамэм, Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхъэрэ санаторно-реабилитацэ центрым, Федеральнэ казначействэм и Управленэу Ставрополь крайм щыІэм я унафэщІхэр.

Гурович Андрей зэІущІэр къызэІуихри, жиІащ:

- КъызэдэнэкІа илъэсыр тыншу щытакъым, Кавказ Ищхъэрэм къэхъуакъащІэ шынагъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыхъуащ, ауэ Урысей МЧС-м Кавказ Ищхъэрэм щиІэ щыналъэ Іуэхущіапіэхэр я къалэнхэм зэрыпэлъэщар си гуапэу къыхьозгъэщ. Дызыхьха илъэсыщІэми фи лэжьакІэр зэрев-гъэфІакІуэнум яужь фит.

Урысей МЧС-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм (СКФО) щиІэ Іуэхущіапіэхэм 2019 гъэм я лэжьыгъэм кърикІуахэм теухуауэ къэпсэльащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Ставрополь крайм щыІэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ зытеззащІэ Любавин Николай. Абы къызэрыхигъэщащи, щыналъэхэм къыщыхъуащ къэхъуакъащІэ шынагъуэу 22-рэ, ар 2018 гъэм елъытауэ процент 31-кІэ нэхъ мащІэщ. Ведомствэм и лэжьакІуэхэм къраГэлащ щІыху мини 3-м щІигъу, мылъкуу сом меларди 2-м нэхъыбэ.

Урысей МЧС-м и Іуэхущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Надёжин Михаил жиІащ я лэжьыгъэм халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм тещыхьауэ къалэнхэр гъэззэщІэным сыт и лъэныкъуэкІи зэрыхуэхьэзырыр. Урысей МЧС-м и Іуэхущіапіэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и штатым хагъэхьащ зэхуэащІа Іэнатіэхэм я лэжьакІуэ 1017-рэ.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ гугъуехь зыпылъ Іуэхухэм, ахэр зэфІэха зэрыхъуну Іэмалхэм.

Іуэху гуапэкІэ ихущ зэІущІэр. Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэм щыгъуазэ дызэрищІащи, Гурович Андрей Надёжин Михаил къриташ мафІэс-къеГэлакІуэ техникэм и сертификат.

УАРДЭ Жантинэ.

● Щіэ

Зыужьыныгъэм и гъуэгум тету

Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм гулъытэшхуэ щегъуэт хъыбарегъащІэ технологие пэрытхэм, бжыгъэр зи лъабжьэ Интернетым зегъэужьыным. А унэтІныныгъэхэр зи пщэрылъ министерствэ щхьэхуи къыщызэрагъэпэщауэ щолажьэ ди щІынальэм. Къэрал къулыкъущіапіэщІэм зэфІиха япэ Іуэхугъуэхэм ящышщ псынщІагъышхуэ зиІэ Интернет курыт школхэм яІэну Іэмал етыныр.

БЖЫГЪЭР зи лъабжьэ апхуэдэ технологие лъагэхэр еджэным, лэжьыгъэм япэу къыщызыгъэсэбэпыф хъуахэм ящышщ Бахъсэн щІыналъэм хыхьэ Исльэмей жылэм дзт курыт школ №1-р. Бахъсэн районым и администрацэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Чылар Аринэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, школым и еджакІуэхэмрэ еджакІуэ цІыкІуэмрэ Илъэсыщ1ым и япэ лэжьэгъуэ маХуэхэм къыщыщІэдзауэ «дунейпсо бэджьыхьым» зыпащІэф апхуэдэ Іэмал гъэззэджэмкІэ. А лэжьыгъэр зэфІэха зэрыхъуам я щхьэкІэ зыщагъэгъуэзэну Іуэхущіапіэм иджыблагъэ щыІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщім и къудзэ **Къунькъ МуІэед**, КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Ащхъуэт Исльам**, Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Балъкъыз Артур** сымэ. Ахэр арэзы техъуащ Интернетым и лэжьакІэ псынщІэм. Телефон кІапсэхэмкІэ зэпыщІауэ школым ипэкІэ иІа Интернетым еджакІуэхэм Іэмал къаритыртэкъым а технологиер хуиту, нэсу дерсхэм къыщагъэсэбэпыну, электрон пощтым ирилэжьну, Интернет напэкІуэцІхэм хэпльэну. Иджы Іуэхур нэгъуэщІщ: мегабит 50 зи псынщІагъ, бжыгъэр зи лъабжьэ Интернетым ныбжьыщІэхэм къаХуэзІуих Іэмалхэр гъунапкъэнэщ, ауэ щыхъукІи серверым къытемыхьэльащэу щытщ.

- Апхуэдэ Іэмал гъэззэджэр фиІэ зэрыхъуамкІэ си гуапэу сынывохъуэху псоми, - жиІащ къыщыщІэсалъэм Къунькъ МуІэед. - Иджы, шэч хэмылъу, егъэджакІуэхэри абыхэм я гъэсэнхэри лъэпощхьэпоунщэу фыхэтыфынущ иджырей егъэджэныгъэм къыхьыхьэ технологиещІэхэм. Угъурлы фхуэхъуну ди гуапэщ.

Іуэхугъуэр къызэщІеубыдэ «ХъыбарегъащІэ инфраструктурэ» федеральнэ проектым ипкъ иткІэ зэхагъэува «КъБР-м бжыгъэ технологием зыщегъэужьыным теухуауэ» лъэпкъ программэм. 2021 гъэ пщІондэ зэфІахыну апхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа а дэфтэрым тепщІыхьмэ, псынщІагъэлъыхуэ зиІэ ИнтернетымкІэ лэжьэну Іэмал къыхуэзрагъэпэщынущ социальнэ Іэнатіэхэм.

КЪАРДЭН Ритэ.

● Зэпыщіэныгъэхэр

«Сэ си Хэкум срилЫкІуэщ»

Апхуэдэ фІэщыгъэ зиІэ IV Дунейпсо щІалэгъуалэ зэхьыхьэ иджыблагъэ къыщэригъэпэщащ Европэм и Совет ым. Франджым и Страсбург къалэм щызэхаша форумым хэтащ УФ-м щыпсэу ныбжьыщІэ 24-рэ. Апхуэдэхэт МГИМО-м и студентхэр, Москва, Обнинск, Екатеринбург, Воронеж, Оренбург, Налшык, нэгъуэщІ къалэхэм, щІыпІэхэм къикІа щІалэгъуалэр. Ди республикэм щыщу зэхуэсым ирагъэблагъащ Налшык дэт гимназие №94-м и 11-нэ дипломатие классым щеджэ Брай Ланэ.

ГИМНАЗИЕ №94-мрэ КъБКъУ-мрэ пыщІэныгъэ хуаІэу къэкІуэкІ УФ-м и Хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэм. Абы ипкъ иткІэ еджапІэм къыщызэІуахащ дипломат ныбжьыщІэхэр щрагъаджэ класс хэха, къыщызэрагъэпэщащ дипломат цІэрыІуэ Примаков Евгений и цІэр зезыхьэ залышхуэ. Гимназием щеджэ дипломат ныбжьыщІэхэр жыджэру хэтщ ди къэралым а унэтІныгъэмкІэ щекІуэкІ зэхуэсхэм, я Іуэху еплъыкІэхэр абыхэм я утыку щаІуатэу. Иджы абыхэм ящыщ ирагъэблагъащ зи цІэр къитІуа дунейпсо форумми.

ЗэІущІэ иным и мурад нэхъыщхьэр хамэ къэралхэм ящыщ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ Урысей Федерацэм щыщыІэ щытыкІэм, псэукІэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ хуэщІыныват. Абы хуэунэтІа зэхуэзэхэр, псалъэмакъ щхьэпэхэр щэщІауэ щекІуэкІащ адыгэ пщащэр зыхэта дунейпсо зэІущІэм. Ланэ къызэхуэсахэм я пащхьэ иныбжьыкІэхэр щищІа докладыр теухуат ди республикэм, абы и къалащхьэ Налшык къэралым щафыбыд увыпІэм, ди щІыпІэм иІэ социальнэ-щэнхабзэ, экономикэ-политикэ зыужьыныгъэхэм, ди щІыналъэм щыпсэу пІалъэхэмрэ абыхэм якІэ дапЬ зэхущытыкІэфІэхэмрэ.

- Куэдым яфІэхьэлэмэт хъуат ди щІыналъэм теухуауэ форумым щыжысІаІэхр, - игу кьегъэкІыж Брайм. - МащІэкъым гукъыдэж зыщІар Кавказ Ищхъэрэм, Налшык щыхьэщІэну. Ныбжьэгъу схуэхъуахэр сэ къезгъэлэгъащ гъэмахуэм Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІыну Дипкампусым. ШыщхьэуІум зэхэтшэну зэІущІэр къызздгъэпэщынущ, УФ-м Хамэ къэрал Іуэхуэхэмкіэ и министерствэр къыддэІэпыкъуу.

Я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ, гупсысэкъэмкІэ зэдзгуэшауэ, ныбжьыгъэущІэ куэд зэрагъэпэщауэ къыздикІа щІыналъэхэм екІуэлІэжащ дунейпсо форумым хэта щІалэгъуалэр. Апхуэдэ зэхьыхьэхэр, шэч хэмылъу, сэбэпышхуэщ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу ныбжьыщІэхэр зэрыщІыхунымкІэ, яку зэпыщІэныгъэфІхэр къыдэхъуэныкІэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гъуэгу щІэдзапІэ

Битокъу Залинэ и хъуэпсапІэхэр

Ди республикэм и къалащхьэм дэт курыт школ №25-м щылажьэ егъэджакІуэ ныбжьыщІэ Битокъу Залинэ къызэрилъытэмкІэ, иджырей щІэблэм уадэлэжьэныр жэуапльныгъэ ин зыпылъщ, апхуэдэуи икъуакІэ хьэлэмэтщ, гур хэзыгъахьэуащ. Апхуэдэ Іуэху еплъыкІэм и щхьэусыгъуэр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, пщащэм егъэджакІуэ Іэщіагъэр фІыуэ илъагъуу, абы и псэр хуеІэу къызэрыгъэджащ. А гупсысэхэр абы и гуращэт иджыри курыт школым и еджакІуэу щыщыта зэманым.

- ЗЭРЫЖАІЭЩІ, школыр щІэныгъэхэм я къигъэхъуапІэщ, гъащІэ гъэзугум и къежьапІэщ, - и гупсысэхэмкІэ къыддогуашэ Залинэ. - Сэ си нэгу щІэкІащ егъэджакІуэфІу диІахэм Іуэху зехьэкІэу ябгъэдэлъар. Ахэращ а Іэщіагъэр къыхэсхьыни гу хуэзэыгъэщар. Курыт школыр къыщызухам щыгъуэ, сэ хьэкъыу сщІэрт сызыхуеджэну Іэщіагъэр.

Шэрэдж щІыналъэм ныхьэ Аушыджэр адыгэ къуажэм къыщалъхуа бзылъхугъэ цІыкІум жылэм дэт курыт школыр дыщэ медалкІэ къиухри, еджэным щыпищащ КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм. Бакалавриатыр диплом плъыжькІэ къиуха нэужь, Залинэ магистратурэм щІэтІысхьэжащ, бгъэдэлъ щІэныгъэм адэкІи хигъэхъуэну икІи, зэреджэм хуэдэуре егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм пэрыхьащ. Іэнатіэр зи щІэщыгъуэ егъэджакІуэ ныбжьыщІэр «зэфэну псыр иджыри къэжакъым» жыхуаІэм хуэдэщ, арщхьэкІэ абы лэжьыгъэм кърит дэрэжэгъуэмрэ гухэхъуэмрэ гугъэ уагъащІ а унэтІныныгъэмкІэ гъуэгуанэ дахэ, купщІафІэ къыпащылъу.

Залинэ ящыщщ, усакІуэ цІэрыІуэми зэрыжиІауэ, зи зэманыр Іуэхукіэ зыгъэнщІыфхэм. Ар жыджэру хэтщ университетым къыщызэрагъэпэщ щІэныгъэ конференцэхэм, олимпиадэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, ар иджыблагъэ зыхэта зэхьыхьэху балъкъэр усыгъэм и классик Кулиев Къайсын, инджылыз драматургием и лъабжьэр зыгъэтІылъа Шекспир Уильям сымэ я цІэкІэ къызэрагъэпэщахэр. Тхьилъ еджэн зыфІэфІ пщащэр пашэ щыхъуащ «Илъэсым и тхьилъеджэ нэхъыфІ» зэпеуэми икІи а цІэр къыхуагъэфащащ.

Бзэмрэ литературэмрэ фІыуэ зылъагъуу ахэр курыт школым щезыгъэдж Залинэ спортри и Іэпэгъуэ, теннис мэджэгу. Апхуэдэу хуабжьу дехьэх алгебрэ, физикэ щІэныгъэхэми. Ар и гур хэхъуэу топсэльыхь ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ еджагъэшхуэхэу, щІэныгъэлІхэу физик Къумахуэ Мурадинрэ математик Нэхущ Іэдэмрэ.

- Мурадин электронхэр кристаллым хэбутІыпщхьэмэ, нур лІэужьыгъуэщІэ къызэрыхэкІыр къиухутат, иужькІэ абы «Къумахуэм и эффект» фІащыжащ. Физикэр математикэншэу псэуфынукъым. Араш сэ школ зэманхэм алгебрэми сыщыдихьэхар. Мы лъэныкъуэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна Нэхущ Іэдэм зытхьэкъуа уравненэхэмрэ математическэ биологием-рэ сэри сыдахьэхыт, - жиІэ Битокъум. - Дауэ хъуми, къызгурыІуащ бзэми къару лъэщ зэриІэр икІи аращ абы нэхъ кууэ сыщыхуеджари. Сыт и уасэ ди усакІуэ Іэзэ Ацкъан Руслан урыс усакІуэ цІэрыІуэ Лермонтов Михаил и поэмэкъу ди анэдэлъхубзэм екІуу къригъэтІасахэм уи анэбзэкІэ укъеджэныр! Ар фІыгъуэшхуэщ - бзэр апхуэдэу бгъэшэрыуэфу, узыхуей псори кърипІуэтэфу ущытыныр. А псоми щыгъуазэ сащыхуэхъуар школ лъэхъэнэращ.

Курыт школыр щІэдзапІэ зыхуэхъуа пащхьэм игу ирохь зыщылажьэ еджапІэр. Абы зэрыжиІамкІэ, Іуэхущіапіэм щыІэ егъэджакІуэхэр лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къаухэкІами, зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэрыІыгъщ, я унафэщІ щыпкъэхэм я жыІэм щІэту.

Мурад дахэ гъащІэм хуэзиІэ адыгэ пщащэ щІыкІуэм дохъуэхъу и гъуэгу кІыхь хъуну, насыпкІэ Тхьэр къыхуэупсэну.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмзэт.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Щоджэнц1ыкІуэхэр Зекіуэрейхэрэ куэд щІауэ зэблагъэщ. Щоджэнц1ыкІу Алий *(сэмэгумкІэ япэу щысщ)* **Дыгулыбгъуей Зекіуэрейхэ щохьэщІэ.** *1937 гъэ*

Чэрэчэ

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

Тхыдэ роман. Ещанэ Іыхьэ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №92-м итц.).

Бжьыхьэ дыгъэм уи нэр иришу къепсми, кьыпих гуащІи щыІэкъым. Я нэр щІыкъуанцІэрэ, гъуэ пылъэлъыжь пщІащІэ гъуэжьплъыжьыфэхэр ныІыкъуэ щалъхуэщащэм и щхьэщыхь макъым щІэдзІуу, къуданитІыр здрикІуэм, Арнэут егъэщІагъуэ:

- Нанур анэ быдзышэкІэ имрикъуаеуэ щхьэ ятрэ мэуэтхэм?

- Нэхъапэм щІалэ цІыкІур къэжапхъэ ныужь яту щытащ. ИужькІэ, нэрыбгейхэр нартхэм къахьихьэжри, нану щхьэцІыхэр щалъхуэ унагъуэм жэщ къыщрамыгъэкІыу, вакъуэ адэхэм ядыгъуу щІадзащ, - мащІэу погуфІыкІ Дыгъэмыс.

- Ар сыт щхьэкІэ?! - игъэщІагъэщ хьэщІэм.

- Нэрыбгейхэм щІалэ цІыкІу къащІэхъуэмэ, яуКІыжу щытащ пасэм. А хьэл мыгъуэр къахуинарэ, щІалэхэр яуКІыжынкІэ нартхэр шыпэрти, бзаджэгъэ кІуэри, апхуэдэ хабзэ кърагъэжащ - нанур къызэралъхуу ядыгъуу, - и анэр имыцІыхуу къызэрыхъуар и гум къызэреуэр къапщІуэ, нэщхъей-нэщхъейуэ и набдзэ Іувым къыкІэщІэплъащ Дыгъэмыс.

- Нэрыбгейхэм я хьыбар тельыджэхэм сыкъраГъэдэІуащ, мэуэтхэм. Ауэ, нэрыбгейхэр дэкІуэну хуит къызэращІри, я къэралыгъуэм кІэрыхуякъэ? - фІэгъэщІэгъуэнщ Арнэут.

- Къэралыгъуэр зы махуэм щэщэжри?! - погуфІыкІ цыплъыр.

- ЩыІэщ зы махуэм щэщэжи... - нэщхъей мэхъу хьэщІэр.

Дыгъэмыс шыр къыжьэдикъуэри, и гъусэм къыхуеплъэкІащ. Абы и тхьэкІумэм кьицырхьат Арнэут и псалъэм щІэлъ уэри, Іуэхум и пэжыпІэр кьитІэщІыну къыжхъыжьат. ЩІалэ цыплъыр и гъусэм и нэр къытримыгъэкІыу йоплъ, модрейри нэщхъей къэхъуауэ щытщ щыму.

Абы хэту ипщэкІэ зы фызшу къэсащ. Шыр зэрыбауэмрэ, абы тес нэрыбгейр кьызэрызэщІэплъамкІэ гурыІуэгъуэт ахэр куэд щІауэ кьызэрыжэри, Іуэхушхуэ гуэрым кьызэрытекІухьари. Пщащэм и щхьэц фІыцІэр тІууэ еухуэнэхами, жьІэмыдалуэу кьелъалъэха натІэщІр псынщІэу ирилъэщІэкІри, и пащхьэ кьытхэм къэхэплъащ. Ар щІалитІым пагэу къыхоплъэ, и напІэр къригъэлІыхьу зэпеплъыхь хьэщІэр, зэми и нэ фІыцІэ пІащитІыр цыплъым треубыдэ. Нэрыбгейр ныбжькІэ щІалэ дыдэщ, и нэгу дахэр дыркъыеэнэшэщ, и нэпкъ сэмэгум анэл цІыкІуитІ зэкІэлъыкІуэу тетщ, мащІэу зэрыжьакъэри йокІупс. Выфэ Іувым къыхэщІыкІа джанэ къуэщынырэ зэвыр хъыджэбэ Іэпкъытъэпкъ лантІэм ипсыхьащ и куэфэм кьытеуэжу, абы щыщыпс гъуэнэшэдж щыгъщ, сэжьей кІэрыщІащ, и щІыбым шабзэр идзащ.

- Тхьэмахуэм щІигъуаУэ угъуэтъыжыркъым, дэнэ ущыІа иджыри къэс? - и шыпхъур къызэрицІыхункІэ и тепІэр къыхуаІуэтати, и пащхьэ кьитыр хэтми кьыгурыІуат Дыгъэмыс.

- ИужькІэ. Нэвгъэзэж быдапІэм. ПсынщІэу, - жеІэри, нэрыбгейр и шым йолъэдэкъуэу. - ПсынщІэу.

* * *

БЖЬЫХЬ щІадджыжь щІыІэтыІэм кьрихьэкІ мэ гуакІуэхэр гум Іэфіу тегъуалъхьэрэ гупсэхугъуэ кьуитми, гуащэр гузавэу нэху кьекІат. ХьэщІэ Іэхэу фІэкІа зымыщІэжи, тхьэмахуэкІэ зи нэгу имыплІа щхьэгъусэр пэшым къыщІыхьэу, Удынэ абы щыІуплъэм, гуащэр хэщэтыкІащ.

- Зауэм уриджэу аракъэ хьэтыкъуэм? - къыгурыІуакІэт абы псори.

- Аращ. Утыку къысхуинэнукъым, - жиІам зэрытемыкІынур наІуэу, гуащэм и нэм щІэплъащ мэуэтыпщыр. - Унэщхьейщ аргуэру.

Зи Іэплъэр зэІуэхуаУэ пыгуфІыкІ щхьэгъусэм зрикъуэлІащ Удынэ.

- Уэри сэри зауэлІ лъэпкъ хьыжьащ дыкъызыхэкІар. УощІэ, сэ ажалым зи сыпикІуэтынукъым. Ауэ... Мы сигу кьигуэзвыкІыр тепыІэрэкъым.

- Сыт узыщышынэр? - жи Алэдамэ.

- АпхуэдизкІэ лъы куэд тлъэгъуащ, къэзгъ куэд щІэтлъхьэжащи, зэи зыми сримыгужьеижьфыну, нэхъ Іеиж сымыпІаГъуну къысщыхъурт. Ауэ, мы зауэм укъимыкІыжыну къысщІохъури, абы сешх, - зыгъэгузавэр ерагъыу кьыдришейри, щхьэгъусэм нэхъри зришэкІащ гуащэм.

- Дэтхэнэ зыми пІалъэ гуэр тщІэльщи, псори щхьэусыгъуэ зырызкІэ дыкІуэдыжынущ, дахэ.

- СощІэ. ИтІанэми...

ЗэщхьэгъуситІым я гурыщІэ щэхуэхэр зэхуаІуатэу гъащІэ Іэфі кьызэдагъэщІами, я бынхэр балигъ хъужами, Удынэ кьизэуа и хуитыныгъэм гу щихуатэкъым. Цыхубзым и нэрыбгей кьарур хэкІаУэ хуэбгъэфэщэнкъ щыІуагъэшхуэт. Ар зэры-Удынэт. Ауэ, хуейтэкъым ар джатэм епхъуэну, лъы игъэжэну, залымыгъэ зэрихьэну. Абы и гущхьэм къыщыгъэгъат гурыщІэ Іэфіри, и фІыгъуэ дыдэм псори щэщэжынкІэ шынэрт.

Гуащэм и лэгъунэбжэм зыгуэр кьытеуІуащ, гурыІуатэр кьызэпиуду.

- Зиусэжи... Си гуащэ! Атисэ къэсыжащ, - жиІащ кІэзехьэхэм ящыщ шы.

НЫБЖЬЫЩІЫщІЫР зэбгъурытрэ, Тутхьэлий абыхэм я пашэу хасащхэ пэшым щІэтт, зэщхьэгъуситІыр епІэщІкІыу щыщІыхьам.

- Атисэ! Дэнэ ущыІа иджыри къэс?! - щІэупщІащ гуащэр, зэщхьэбзэм зэрыпупльэу.

- ЩхьэусыгъуэншэУ убзэх уи хабзэкъым. Ауэ щыхьуКІэ, хъыбар гуэр къэпхащ... - гуаПэу Іупльащ пщыр ипхъу закъуэм.

- Пщащэ щыхьур уи пхъуу ара, кьызэрыщІэкІымкІэ?! - къэуІэбжьащ Тутхьэлий.

- Мэуэтпщым и хьэщІэ пІалПэхэр фызиГуапэщ, ауэ иужькІэ дызэрыщІыхунщ. НэхъыщхьэІуэ щыІэщ, ди адэ, - псынщІэ дыдэу къыІурыщэщащ Атисэ. - ТІасхъэщІэх гуп къыдзэуэсащ.

- Дэнэ къикІыу? - къэуІэбжьащ мэуэтыпщыр.

- Хьэт кхъухьэм хьурзэр щрадзыха махуэм хьэщІэхэм шууеищ хьаехэкІщ, мэзым зыщагъэпщкІури, кІыфІ зэрыхъуу заукъуэдийри, ипщэкІэ дэкІуеящ. Нэрыбгей зыбжанэ пэшагъу сщІыри, дакІэлъыпхъэращ абыхэм. Зэрызагъэпсэхуи щымыІэу, зы щІыпІэми куэдрэ зыщамыІэжьэу щІащыкІащ Іэгъуэблагъэр. Ауэрэ дынэсащ Къэлъхъеймрэ Нарт хэкумрэ ди зэпылъынпІэм. Мы псыхъуэм къэмыс хьэлъэзешэ гуэр лъыхъуэу арат, кьызэрыщІэкІамкІэ. Ащыуэм[1] кьикІа кхъухьам дэкІуеящ... - зэкІэлъыкІуэу кьИуатэрт пщащэм.

- Ашэрэд и ПІасхъэщІахщ! Шэч лъэпкъ кьытесхэрэкъым абы. Ди Іуэху зыІутыр лъагъэІэсыжмэ, екІурэ-ещхьу къежьэнщ ащырыпщыр, - и щхьэр игъэкІэрэхъуащ Тутхьэлий, кьытехьауэ.

- Пэжу хубогъэфащэ, зиусхэн. Дубыдри, кьедгъэІуэтащ кьызыкІэлъэкІуар. Ауэ я пщым деж зыри нахьэсхьжыфынукъым, умыгузавэ... - жи нэрыбгейм и напІэр мыхуадзу.

- КІьытхуумыщІа щыІэкъым, дахэ! Си напэр къэптхъэщыжащ. Армыхьумэ, бзаджащІэ гупыр кхъыдалъэгъуэмэ, си ныбжьэгъуи деж емыкІу къыщІсхъэтэкъэ! Дэ бзэгузехьи тІасхъэщІэхи кьытхэкІын хуеякъым. Мэуэтпім дыкъызэрыкІуэр зыщІар цІыху зыбжанэщ! Ауэ щыхьуКІэ, сытым дежи тщІыгъуа гупщ кьыдэпщІыжар. Еплъ дыкъызэрызэхэнам! - Іэнкунт Тутхьэлий.

- Гу лъэмытэу, кьыпщІэхъуэну псори пщІэркъым. Мэуэтхэм дгъэунэху тІасхъэщІэхэм я бзаджагъэр кьыпхуэІуэтэнкъым! Къэралым и Іэхэр щызэхэзэрыхьэм, - и хьэщІэр зэрыува щытыкІэхэ зэрыхиишьым пылъщ Алэдами.

Хьэт зэадзэкъуэм я напэр текІауэ къащьхъурт, Алэдамэ абыхэм дзыхь яхуищІми. Арнэут кьызэщІэнауэ, и нэм губжьыр кьыщІех, кьепщІыжахэр и пащхьэ къэрагъэуватэмэ, асыхьэту я щхьэр фІихьфынут. ЩІалэщІэм и Іэбжьанэхэм Іэгум зыхуакІэжауэ и Іэштымыр екъуэ.

Удынэ и пхъум гуапэу хуеплъэкІри, мащІэу и щхьэр игъэхъеящ.

- КьызэрызгурыІуамкІэ, ди хьэщІэхэр Іуэхуфкъым фыкъезышэжьар. Мы псалъэ зэІэпахри щІагъэкъым - фи щІыбагъкІэ шынагъуэ гуэр зэІуащ. Нартхэм хьэщІэр я щІасащ, жысІэри ди хабзэм кьеэзгъыркъым, ауэ, псынщІэ-псынщІэу фежьэмэ нэхъыфІщ. ТІасхъэщІэхэм зэрыжаІамкІэ, ащырыпщым ильэс бжьыгъэкІэ кьызэрирГъэпэща дзэшхэр кьызэрехьэжьэнущ ноба-ныжжэ. Алыджэхэри Іуэхуищ зэхэсынукъым ар ящІэу, - хьыджэбзым Тутхьэлий зыхуигъэзащ.

- Уэзрыдахэм хуэдэуи уІущ, хьыджэбз! Тхьэшхуэм укъихьумэ! - и щхьэр ищІащ Тутхьэлий, хэщэтыкІри.

Абы игъэщІагъэрт хьэтхэм я Іуэху зыІутыр зэман кІэщІкІэ мы пщащэ псыгъуэ цІыкІум кьызэритІэщІыфар, а псори зэпишэчыжу, нэхъыщхьэр кьызэрыхиГъэщхьэхуКІар.

- Уи нэмыс нэхъ Іьагъ ухъу, зиусхьэн! - псалъэмакъым кьыхохІбэ хьэт щІалэр. - ТІасхъэщІэх гуп кьызэдэтшауэ кьыщІэкІри, ди напэр текІащ. Абы иужь зыгъэркІэ дынолъэІуныи кьысхуегъэкІуркъым.

- ЖумыІэхэ? - идэркъым Алэдамэ. - Сэ уи адэр фІыуэ соцІыху, ар зауэлІ хахуэщ, щІыхь зиІэщ, дзыхь щІыхьэзмышІын ящІэ. Іуэхугъуи зэи дэсльэгъуакъым.

- Си адэм и пщІэмрэ и щІыхьымрэ дэ тІум кьыттумыгуашэ, зиусхэн. Ар езым кьилэжьыжащ. Си напэр сэ езым къэстхъэщІыжыну схуэзэфІэкІатэми! - и щхьэр къыфІохУ Арнэут.

Арнэут гу къабзэу, ерыщу, напэмрэ щІыхьымрэ игъэнэхъапэу кьызэрыщІэкІам ирогуфІэ мэуэтыпщыр.

- Бзаджагъэ щалэжьар ди щІыналъэти, дызэрызуейуэ абы и унафэ тщІыжащ, - кьытехьэщ нэрыбгей пщтырри, хьэщІэм щІэнэкІащ. - Дауи, ахэр уи пащхьэ кьитшэрэ, уи Іэкіэ уэдгъэщІкІамэ, уи гур нэхъ зэгъэнут.

Атисэ и нэщхьэр зэхэпІу хьэщІэ щІалэм щІыхьэпІъэкІыр. Арнэут абыхэм и нэр кьыстрирубыдащ. Хьэтыкъуэр есатэкъым бзыльхъуГъэм и макъым зригъэІэту, абы и щІыбжькІэ, цІыхухъум унафэр кьыІэщІахрэ, щхьэзыфІэфІу зыхуейр ялэжьу. НэхъапэзыэкІэ нэрыбгей зымылъэгъуа Арнэут кьыгурыІуэртэкъым нэжьгъущІыдзэм я зэхэтыкІэр, хуэхэуэгъэхъуртэкъым абыхэм апхуэдизу хуитыныгъэщІратар.

- Атисэ! - гуащэм ипхъу жьакІуэр фІыуэ щІыхужьыри, псалъэмакъым зримыгъэубгъуу, нэщхъкІэ, щыпкъэу пигъэщхъащ.

Нэрыбгейм и напІэр ирихьэхащ, зэрыригъэпеяр кьыгурыІуэжри.

Арнэути и Іупэ лъабжьэр щІиупщІри, и щхьэр мащІэу ирихьэхащ. Псори щымщ. Гу зэщІзымыхуа, зэрымыщІыхуа зэанэзэкъуэр зэхуоплъэкІри, я напІэр ирадзыхьж. Атиси, кьэзадгъуауэ, зэм и анэм зэм и дэлъхум къахущІопль, гуащэр и кьуэ кьеКІуэлІэжам зэрыхуэгумащІэм гу лЬитащи, хузэгъэупу.

Дауи, Удынэ и хьыджэбз закъуэр сытым дежи щІыгъуу къэгъуэгурыкІуащ, щІалищІыр ВакъуэрадзэкІэ зэбграшами. И щІалищІым яхуигъэтІыгъуэ анэ лъагъэныгъэм хуэдэ Атиси хуиІэн хуеящ, ауэ пщащэм кьыщыхьурт и анэр кьыхуэгущыІэу, нэмыльъ кьыхуищІу, уеблэмэ кьыфІэмыщІуэхущэ. Удынэ ипхъу закъуэр щхьэзыфІэфІт, нэрыбгейхэм яхьхьэну хуэпабгъэрти, зыхуейр зыІэригъэхьащ, анэм жиІэм емыдаІуэу. Нэрыбгейхэр зэрыгущІыІэр, зэрыерыщыр, зэрыябгэр ищІэжырт гущэмри, хуейтэкъым ешэжьа псори хьыджэбзым итъэунэхуну. КьыззэрыгузКІ анэхэр япхъуэм зэрахущыІым хуэдэу, Удынэ и пхъум хущыІыфырт экъым. Езы Атисэ зыхущигъэтъыртэкъым. ЗэблэпсэлъэкІыу, зэгурымыІуэу, хьыджэбзым и кьинкІ-кьилъыр кьытекІуэу, гущащм ар хуемыгъэхьу къогъуэгурыкІуэ. А Іуэхугъуэм теухуауэ дэтхэнэми и уз кІуэцІыльыжщи, дунейм кьытрамыгъэхъу я гукъеуэхэр ягъэвыж зэанэзэпхъуэм. И щхьэ триПъэху, а псалъэмакъэр ешышэжьэн, е дзэычыхьэм кьаХэкІыркъым яэыхэзым.

- Хуит сыкъэфщІмэ, Іуэху сиІащ, - кьэпсэльащ Атисэ, и адэм зыхуигъаЗэу.

- КІуэ, ТІасэ. Уи Іуэху зехуэ! Адэфым, си дахэ! - гуапэу хуэгуфІащ пщыр и пхъум.

Нэрыбгейм зигъэбзэхащ, щхьэщэ ищІри.

- Мэуэтыдзэр нэхущым ирихьэлІэу псычьхьэм хьэзыру тетынущ. КьищынэмыщІауэ, нэрыбгей минищ нокІуэ. Гъэгу махуэ дыт-ригъэувэ! - жиІэри, пэшым кьыщІэнахэм яхэпІащІ мэуэтыпщыр.

ИтІалитІым щхьэщэ ящІу щІэкІыпІэмкІэ щагъаЗэзэм, Алэдамэ и бын пажэм и щІэмкІэ кІэлъыджащ:

- Дыгъэмыс! Уи хуарэр гъэхьэзыр. Зекіуэ накІуэ. БгъэунэхунщІ...

Удынэ и щхьэгъусэм и щІагъыбзэр кьыщыгурыІуэм, гугъэ хэлъу щІалэм хуеплъэкІащ. ЯгъэунэхунУр хуарэр аратэкъым, атІэ езы Дыгъэмысти, анэр щыгугъырт щІалэр фІы и фІыжу кьахущІэкІыну.

Етэрщэху[2]

И ГЪУНЭГЪУ щІыналъэхэм я унафэ щІэтрэ, къэралыгъуэ лъэщІыжьхэм тын яриту лъэхъэнэ кІыхьКІэ къэгъуэгурыкІуа Ащырейм и зыІэтыгъуэу, и кьару иЛыгъуэ дыдэу гуэрэнЫгум[3] къиува къэралыгъуэт. КъэралкІуэщІ Іэхухэр мыщІагъуэу Ащырейм и щІыналъэхэр зыкъОмрэ кьызэрелъэфэкІами, толъхъуным ещхьу, зэм зиІэту, зэми ещэтэхыжу къэгъуэгурыкІуами, я Іуэтэжыгъуэт иджы.

ХьэуэстэнымФ и куршышъхьэхэм кьыщежьэрэ, Хьэтейм кІуэцІрыкъу, Бабылеймкіэ ежьэжьэж Фыратрэ[5] кьэжкІыпІэмкІэ щежэх ИдыджлэтрэФ я зэхуакъу зэрыдцэсым кьыхэкІыу, кьуэкІыпІэ псом и хьэрычэтыщІэхэм я зекІуапІэу зэрыщІытри кьагурыІуэжат ащырэм. Ащырейм хиубыдэ щІыналъэхэм я тетхэр зэныкъуэкъунымрэ фыгъуэнымрэ кьыдэмыхуэурэ, зыхуей хуэмызэу щыщытА тлъхъэнэм кьикІат къэралыр.

Къэралыгъуэр зэрефІэкІуар зи фІыщІэхэм яцІыщт Ашэрэд Езанэр. Уардэунэ абрагъуэ ятэрэ къалащхьэр кьытхэщІэрэщІауэ, цІыхуэхэр зыщыщІэ щымыІэрэ къэралыгъуэр лъэ быдзкІэ и гъэвауэ, пщыгъуэ ирихьэкІырт абы. Мывэкъалэ лъагэхэмкІэ кьеГъэбыдзкІа унэшхуэм кьыщыІэзкуэса бльгущІэтхэмрэ дзэзешэхэмрэ тепсэлъыхьырт Хьэтейм зэрытеуэну щІыкІэм.

Мэтэнейм кьикІа хьэщІэхэм зэпапІъыхь зыщІэт пэшышхуэр: яГъэщІагъуэ блынкэм я лъагагъыр, щІэгъэкъэнэхэм тедза тхьпхъэхэмрэ мывэ сурэт тельыджэхэмрэ. Я гугъат абыхэм Хьэтуосэм пэпщІым щІыпІэрэ ууэныгъэрэ цІыхуІэм зэи кьимыгъэщІыфыну. Ауэ, мис, Ащырейм и кьалащхьэр - Ашур кьалэр - тельыджэу кьызэрещІэкІам уегъэшынэ, уегъэгузавэ. Дыщэмрэ дыжьышынмрэ кІыкьуэтэ уардэунэр зэи мыщащэжьну, жьыри псыри кьыпэмыІъэщу илъэс мин бжьыгъкІэ щытыну къыпщохьу. Абы лэжьыгъэу ирахьэлІри мылкъуу текІуэдари яхуэзэуэмыгъэхъуу заплъыхь хьэщІэхэм.

- Аждж хьгТыгуэмрэ Алащэм[7] тес лъэпкъхэмрэ зэуІуу Хьэт къэралыгъуэм кьухьэпІэмкІэ кьыщытеуэмэ, Хьэтусилэ и щІыналъэм дыркъуэшхуэ кьрадзынущ, и зэхуэдитІри ІэщІахьынуц. Ауэ, дызэригугъэм зэхуэдэу, тыншу затыныкъым хьэтхэм. Лыжьым кьигъэщІэнур кьигъэщІами, лІэгъуей хъуами, кьызэтенащ зэрыерыщу. Ялэм хуэдэу, борэну кьызэрехьэжьэфынукъым, ауэ и псэр пытыку джатэ Іэпщэри иутІыпщынукъым. Ди щхьэщыгу итхэр щыхьэткъэ: благъэ сщІыну сыаразэштэм, сипхъу нэхъыжьыр Хьэтусилэ и кьуэрылъхуэхэм ящыщ зым естынт, иужькІэ дызэщІыгъуу алыджжэм дапэщІувэнт. Идакъым си дамэ кьыщІэувэну. Пагэщ... Пльагъурэ, Хьэт къэралыгъуэр зыгуэрым и жьІэм тету нобэм къэсакъым. Есащ псори езым и ныбжьым щІэту. Абыи зыгуэрурэ сыфІэкІынт... Сигу схутемыгъэхуар - Хьэтусилэ си гъунэгу щІыналъэхэм бий кьысхуящІыжьыну кьыззэрызэщІигъэстырщ. Сэ ар езгъэнэхьыну щремыгугъ! - жи, лъагэу хэІэтыкІа тахьтэм пІІаплІэу зизыгъэщэта ящырыпщым.

Зи жьакІэ Іувым тхъугъэ хидза пщы яБгэр и блыгущІэтхэм пагэу къахоплъэ. Ашэрэд и гъущІ Іэпщэр тахьтэ Іэдакъэм хуиту телъщ, ныбжькІэ асльэныгъэм фІыуэ щхьэпрыкІами, Іэнкъпльэпкъ уардэщ. Льэдийм теуэ къэптал гъуафэ Іэщхьэ кІэщІым къегъэнахуэ абы и Іэблэ быдзкэр. НалкъутналмэскІэ гъэщІэрэщІа дыщэ бгырыпх бгъафІэр и бгым щІэпхащ, абы хуэдэкъэпсу уи нэр зытепщыкІ таж лъагэ папцІэри щхьэкъыгъщ. Ашэрэд и напІэпщ хьэлъэм бзаджэу къыщІолыдыкІ и нэ ящІыгъ. Абыхэм ящІэж ящщ кьамылфэр кьызэрымыкІуэу зэрыябгэри, я псалъэкъым. Ауэ, ар ирихьэжьащ. Ашэрэд и щІыкІэ икІуэту щызэрыщІэхьажьи, кІуэцІыбжэ гъэщІкІуар зэІуихри, епІэщІкІыу гъэшым къыщІыжьащ щІалэ лъэхъэшэ зы-ІэщІэль. Абы и нэ фІыцІитІыр иридзыщ, щхьэщэ ищІри, пщым и пащхьэ къиуващ. ЩІалэр Ашэрэд и кьуэу зэрыпщІэн щыІэтэкъым: ар теплъэкІи хьэлкІи и адэм ещхьтэкъым. Нынурт и лъэгуажьэ лъабжьэм къэсу щыгъ джанэ гъуа-фэр зэрыфІеймрэ и щыфэ къамылъыфэм пщІэнтІэпс щыгъэхэр кьызэрещэщхьакмкІэ гурыІуэгъуэт гъэгуанэшхуэ кьызэрызэпичар. Махуэ бжьыгъкІэ зэрымыжеяри, зэрызимыгъэпсэхуари кьапщІэу, ешажьэт.

- Еблэгъаж, щІала! Игъуэу укъэсыжащ. Ауэ... Мыр сыт?! Уи фэм уитыжкъым. ЛІо кхъуэар? - цтэІэщтаблэр зыкъиІэтри, и кьуэ закъуэм пежьащ Ашэрэд.

- Ди адэ... Апхуэдизэ зэманыр ауэ сытми дгъэкІуэдзауэ арат. Зыми демыжьэу, алъанэм Хьэтейм дебгъэрыкІуамэ, дыкъикІат, - кьыІурыщэщащ бауэ-бапщэу кьыщІэльэда щІалэщІэм.

- Сыт къэхъуар, зо? - щІалэм и дамащьхитІым теІэбэри, и кьуэр иудныщІащ пщым.

- Къэфхыт! - кьызэрыщІыхьа бжэмкІэ джащ Пыншт.

Абы хэтуи хъумакІуэхэм зэпаІыгъэу пэшым кьыщІахьэри, пщым и пащхьэ кърагъэщащ чэщей чейр.

- Мыр сыт? - кьыгурыІуэркъым Ашэрэд.

- КъэлъхъеймкІыкІыжа хьэлъэзешэ кхъухьым, и псэр пытыт кьудейуэ, и бэзгур кьигъэжарэ, зы псалъэ кьыпІэзмыхьыфу е кхьжащ, ди дзэпщІыр. Мы чейм илъу кІыхьжащ и гъусахэм я щхьэр. Сэ сщІэркъым хьэтыпщым и лЬыкІуэр хэт дежьІэуакІэ игъэкІуами, ауэ мыпхуэдэм тегушхуам игурэ и щхьэрэ зэтельщ, - жиІэри, Нынурт чейм и щхьэр тригъэпкІащ.

Ашэрэд абы иплъащ, и нэщхьыр зэхэлъ. ПІасхъэщІэхэм я щхьэр мыфу гъуэгуанэ кІыхькІэ кьызэтенэн папщІэ, фом хэлъу кхъухрагъэхьыжауэ арат. Зауэ Іэнатім хьэжьпэжь хэхъуэха ащырыпщым ар щІилъагъум и цыр уами, щІалэм зыкъримыгъащІэу, и нэщхьыр зэрызэхэлъу, хуеплъэкІащ:

- Дэнэ щыІэ дзэпщыр?

- КІуалащхьэм кьысхуэзышэсакъым, зиусхэн. ПІащ, - и щхьэр ирехьэх Нынурт.

- Апхуэдэу кьызэщар хэтми къэпщІакъым, ара?!

- Зыми зыри къапісхыфакъым. Кхъухьым тесахэм зыри ямылъэгъуауэ жаІэ, - и дамэр дрегъэуей пщыкъуэм.

- Ммм... - зэрихабзэу къэгурымри, Ашэрэд, кьытехьауэ, пэшым псынщІэу щІэкІащ.

Нынурт и адэр ищІыхужмэ, ащырыпщым ар щІилъагъум и кІуэцІыр мафІэм кьрижьыкІырти, лъыпс защІэкІэ мыхъумэ, дунеижьым псыуэ тетымкІэ пхуэгъэуфІынкІынутэкъым а мафІэсыр.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

ПСАЛЪЭГЪЭНАХУЭ

[1]**Ащыуэ** - Азия.
[2]**Етэрщэху** - щэхуу бзаджагъэ зыщІэ. Тихий, скрытный злодей.
[3]**Гъуэзэныгу** - утыку, аренэ.
[4] **Хьэуэстэн** - Армение, ермэлыхэм я бзэмкІэ я щІыналъэм зэреджэр.
[5]**Фырат** - река Евфрат (*тырку бзэкІэ*).
[6]**Идыджлэт** - река Тигр (*тырку бзэкІэ*).
[7] **Алащэ** - Аласия, пасэрейхэр Кипрым зэреджэу щытар аращ.
[8] **Арапхъэ** - Ащырейм и къуэкІыпІэмкІэ, Идыджлэт адрыщкІэ щыІэ щІыналъэ.

Ащыр пащтыхь Сауштэр.

Ащырым и къалащхьэр.

Фэеплъ

«Вагъуэхэр» Iэпщэм къызэщIекъуэж

***Лъэпкъ библиотекэм и щIэджыкIакIуэ пэшышхэм щIэзу къыщыдзэхуэсат адыгэхэм ящыщу япэ дыдэу Совет Союзым футболымкIэ и чемпион хъуа Iэпщэ Александр къызэралъхуэр илъэс 80 зэрырикъур ягъэлъэпIэну. Абыхэм яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым и топджэгум и лъабжьэр зыгъэпIыла икIи къэралпсо утыкум ехьулIэныгъэкIэ изыша щIалэ захъырэзман куэд: Налшык и «Спартак»-м и щIыхьыр илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм зыльымахуэу Сыжажэ Валерэ, Гогибедашвили Заур, Гъубж Вячеслав, Хьэнцэ Аслъэнбэч, Мэшыкъуэ Аслъэн, абы щыджэгуагъэ икIи иужькIэ и тренер нэхъыщхьэу щытахэу Къумыкъу Виктор, Красножан Юрэ, Шыпш Тимур, Биджий Хьэсэнбий сымэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, Правительствэм къикIахэр, Iэпщэ Александр и щIэр зезыхьэ футбол академием и гъэсэныгъэр, и ныбжьэгъуу, зыщIыхьуу щытахэр, и унагъуэм щыщIхэр. Зэрымыпсэужрэ илъэс 28-рэ дзкIами (1991 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м дунейм ехыжащ), Iэпщэм хуэзфIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «топджэгум и вагъуэхэр» и пшыхьым къыщыдзэщIикъуэжьну.*

СЫТ щIыГъУИ хуэдэу дахэу, зэгъэкIуаэу зэIущIэр езыгъэкIуэкIа Налшык дэт курыт аджапIэ №31-м и директор икIи «Спартак» стадионым и диктор Бгъуэжь Анзор къызэхуэсахэм иджыри зэ ягу кьигъэкIыжащ. Iэпщэ Александр и гъащIэ гъуэгуанэмрэ топджэгум щIиа ехьулIэныгъэхэмрэ. Дауи, абы къыхигъэщхьэхуэкIащ 1964 гъэм Тбилиси и «Динамо»-м хэту СССР-м и чемпион зэрыхьуамрэ, кьыкIэлъыкIуэ илъэсым Налшык кьигъэзэжу, ди «Спартак»-м и гъусэу Урысей Федерацэм и дыщ медалхэр къызэрихьамрэ. Псальэмакъыр щIигъэбыдэрт а лъэхъэнэм траха видеотеплъэхэм.

Пшыхьым япэу псалъэ щратащ хэгъэрейхэм кьабгъэдэкIыу утыку кьихьа **Iэпщэ Анатолэ**. Къызэхуэсахэм абы фIыщIэ ин яхуищIащ я лъэпкъым и мызакъуэу республикэр, къэралыр зэрыгушхуэ я къуэшыр зэрызыщамыгъэгупщэм, хуэфащэн пщIэ лъагэ зэрыхуащIым кьыхэкIыу.

Адэкъ псалъэмакъым кьыхэихьа **Сыжажэ Валерэ** гуапэу игу кьигъэкIыжащ Мэзкуу и «Динамо»-м и тренер нэхъыщхьэ Якушин Михаил 1961 гъэм Iэпщэмрэ абырэ я командэм зэрыригъэблэгъуэу щытар.

Iэпщэ Александр Мэзкуу щыщIа лъэхъэнэм зэрыхуэза щIыкIэр игу кьигъэкIыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт факультетым футболым и теориемрэ практикэмрэ щезыгъэдж, педагогикэ щIыгъэхэм я кандидат **Къуэжэм Аслъэн**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мыдрейм кьыхуэнэжыр Сашэ къызэригъэпэща Iэмал гъуэзэджэр химыгъэкIуэдэну арати, хэгъэрейхэм я гъуэр хигъэщIащ. «Тельыджэщ!», «ФIэщщыгъуейц!» зэпгъэкIуэрт стадионым кърихьэлIахэм. Сэри абы сригушхуэрт.

Iэпщэ Александр къызэралъхуэр илъэс 80 зэрырикъуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхьыр зэхэухуэнат гукъэкIыжхэмрэ уэрэдхэмкIэ. Топджэгум куэд щIауэ хуабжьу дихьэхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист **Текуев Амурэ** Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Дау Марьянэрэ** пщIыхьэщхьэ ягъэбжьыфIащ. КъэкIуэну дахэ зэрыIэр къызэуэсахэм ригъэлъэгъуащ Сашэ и шыпхъум и къуэрылъху **Къуныжь Елизаветэ** и уэрэд жыIэкIэм.

КъБР-м и Парламентым «Захуагъэ зэдзщIэ Урысей» партым щIэ фракцэм и пашэ **Кебеков Владимиррэ** философие щIэныгъэхэм я доктор **Хьурей Феликсри** я мащIэтхъым пшыхьым кьрихьэлIахэм жраIэн. Абыхэм кьыхагъэщащ Iэпщэ Александр и фэеплъ дахэр хъума хъун, ар щIэблэм я деж нахьэсын папщIэ кьыззэриненкIа унагъуэ дахэм, псом хуэмыдэу и щхьэгъуэз Риммэ, куэд дыдэ зэрызэфIагъэкIыр икIи абы папщIэ пщIэ лей зэрахэщIыпхъэр. «Iэпщэ Александр зейр кьызыхэкIа унагъуэм, лъэпкъым я закъуэкъым, атIэ ар республикэ псом, къэралым я щIэинджэ, кьыхагъащащ а нэхъыщхьэфIхэм.

1965 гъэм Iэпщэм дэщIыгъуу Урысей Федерацэм и чемпионыгъэм нэса «щIалэ 16 дыдзкIэм» ящыщу, ди жагъуэ зэрыхъущи, псэууэ къэнэжар Къэмгъуокъуэ малъхъэ яхуэхъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэ псор иужькIэ езыпха **Гогибедашвили Заурщ**. Абы и гукъэкIыжхэр зыфIэмыкъэлэмэт щIыIэу кьыщIэкIынтэкъым.

Видеокъэгъэлъэгъуэныгъэм и Iэмалхэр кьагъэсэбэпри, пшыхьым я гукъэкIыжхэр утыку кьыщрахьащ Iэпщэ Александр и тренерхэм, щыдэджэгуахэм, фIыуэ зыщIыхуу щытахэм.

Пшыхьым кьыкIэлъыкIуа щэбэт махуэм «Налшык» спорткомплексым щекIуэкIащ зыкъом щIауэ илъэс къэс кьызэрагъэпэщ Iэпщэ Александр футболымкIэ и республикэпсо фэеплъ зэхьэзэхуэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Сурэтхэр
Толгуров Камал *трихащ.*



Махуэ лейм и къэунэхукIэр

Телъыджэ

2020 гъэр, зэрытщIэщи, «високосныгъэ» (латин псалъэщ, «къыттрагъэзэж еханэ махуэ» жыхуиIэщ). АтIэ, сытым къыхэкIа илъэсищ дэкIрэ еплIанэр «високосныр», абы и махуэ бжьыгэр адрейхэм елъытауэ зыкIэ нэхъыбэу къызэралъытэр? А упщIэм и жэуапым дылъыхъуэу, махуэгъэпсым и тхыдэм дриплъэнщ.

ПАСЭРЕЙ урымхэм яIащ щIыхуэр щатыжьын хуей пIалъэр зратхэу щыта тхылъ щхьэхуэ. Абы щыгъэбелджылат кьатенаир щызэпгъэкIыжьаж мазэхэм я пэщIэдзэ махуэхэр - «календхэр». Мы псалъэмкIэ иружьыем дежэ хъуащ къыттезыгъэзэж пIалъэ зэхуэдэхэм тету вагъуэхэм зэрызагъазэм, Дыгъэмрэ Мазэмрэ къызэрыкъуэкI-зэрыкъухьэжьым, абы хуэдэ нэгъуэщI Iэхъуэгъуэу хьэршим щыIуэпсми кьыщIекIуэкIэм кьытращыкIа кьэбжыкIэхэм.

Тхыдэм кьыхэущIыж илъэс минхэм кьрихьыдэу щIыхуэхэм календарь куэд кьагупсысащ. Дауи, абыхэм я зэхэгъэвэкIэр, зэрыгурыIуэгъэщи, елъытат пхъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яIа псэукIэмрэ я зыужьыкIэр зыхуэдамрэ.

Къызэрыхэгъэщыпхъэщи, махуэгъэпсэм ящыщу хьэршым кьытезыгъэзэжрэ кьыщIекIуэкI (астрономическэ) Iэхъугъуэхэм, е щIыуэпсым, мардэ гъэрым тету, пIалъэкIэрэ кьыщыцIэхуу кьэхъуэщIэхэм: жэщымрэ махуэмрэ я зэблахъуэкIам, мазэм и теплъэм и зыхъужьыкIэм, гъэм и зэманхэм я гъэлэгъэм, нэгъуэщI абы хуэдэхэми кьытрагъэпсыкIа календархэр зэхалъхьащ «тропик илъэс», «синодическэ мазэ зэхуакуу», «дыгъэм и жэщ-махуэ зыхьъэнэ» зыкIаща пIалъэхэм тету.

Дызэрыщыгъуаэзщи, дыгъэм и кьыкъужьыкIыгуитI зэкIэлъыкIуэм я зэхуакум, икIи иту, дэлъыр сыхьэт 24-рэщ. ЩIэнэгъэлIэхэм кьызэрабжамкIэ, мазэм и теплъэм кьыщытритрыззэж и пIалъэр, «синодическэ мазэ зэхуакуKIэ» зэджэр, зэрекIуэкIыр жэщ-махуэ 29-рэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 44-рэ секунди 3-рэщ. Гъэрэ щIыпIэ щIыхьэнитIыр, «тропик илъэсKIэ» зэджэр, зэрызэпэIэщIэр суткэ 365-рэ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 48-рэ секунд 46-рэщ. Гу зыльытатэхэр аращи, япэхэм щыIа календарь iэужьыгъуэ хуэдми яхуэдэу, нобэрей хэмаи я IэхъугъуэмащIэ я пIалъэкIэщ.

Сыт хуэдэ махуэгъэпсу пIарэ, атIэ, ди зэманым нэхъ кьагъэсэбэпыр? Мыслъымэн диным кьигъэуэ пщалъэхэр зи тегъэщIапIэу Азием, Африкэм щыIэ къэралхэм Мазэм и теплъэм и зыхъужьыкIэм тегъэпсыхьа календарыращ щызекIуэр. Ауэ, кьыхэдгъэщынщи, ЩIы Хьурейм щыпсэу щIыхуэхэм я нэхъыбапIэм кьагъэсэбэпри, нэхъ яфIэтыншри «григорианскэ» жьыуаIэ, Дыгъэм и кьэкIуэкIыкIэм къытращыкIарщ. КъуэкIыпIэ Жьыжьэм щыIэ къэралхэмэ аращ щызекIуэр.

«Мазэ махуэгъэпсыр» Iыхьэ пщыкIутIу, жэщ-махуэ 29-рэ, 30, 31-рэ хъу мазэхэр щызэкIэлъыкIуэу зэхэтщ. «Мазэ» илъэсыр суткэ 354-рэщ зэрыхъур, ауэ абыи кьыщалъытэ и закъуэу кьыхахъэщхьэхукIа, жэщ-махуэ 355-рэ хъу «високосныр». «Мазэ» илъэсыр «дыгъэ» илъэсым нэхърэ жэщ-махуэ 11-кIэ зэрынэхъ кIащIым кьыкъэкIыу, абы и пэщIэдзэр гъэ кьэс мэIэпхъуэ икIи «дыгъэ» илъэсым и дэтхэнэ мазэми хуэзэнкIэ хъунущ. Тхыдэм кьыщыгъэльэгъуэжахэм ятетщIыхьмэ, «мазэ» махуэгъэпсым муслъымэнхэм кьыдэбжэн щыщIадзар 622 гъэм бадзэуэгъуэм и 16-рщ.

Иджырей «дыгъэ» календарыр кьыщыцIэхуар пасэрей Урымырщ. Ар ди эрэм и пэкIэ 45 гъэм щIышылъэм и 1-м Цезарь Юлий иригъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм кьарикIуащ. «Юлианскэ» календарым и илъэсыр жэщ-махуэ 365-рэ сыхьэти 6-рэ мэхъу. Ар кьэзыщтахэр зэрызэгурыIуам тету, япэ илъэси 3-м и Iыхьагъуэ ягъэуар махуэ 365-рэщ. Абыхэм кьадэхуа сыхьэт бжьыгэхэр зэхалъхьэжри, зы махуэ нэбзIагъэн ярикъуати, ар еплIанэ илъэсым хагъэуэжащ.

Абдежым кьыщыщIэдзауэ, «юлианскэ» махуэгъэпсыкIэ зи бжьыгэр 4-м хуэбгуэш хъу дэтхэнэ илъэсри «високосныр». Абы щыгъуэ мазэ 12-м я цIэхэр зэрыщытауэ я кьагъэнэжат. АрщхьэкIи, ди эрэм и пэкIэ 44 гъэм, квинтилис (етхуанэ) мазэм зэреджэу щытар, Цезарь Юлий и цIэкIэ, «июль» жиIэу зэрахъуэкIащ. Абы и щапхъэм ирикIуащ император Августи. Ди эрэр кьэунэхуным илъэси 8 фIэкIа имыIэжу, абы мазаем аргуэру зы махуэ кьыхихри, секстилис мазэм хилъхьащ, езым и цIэри фIищащ.

Ауэ, а махуэгъэпсри кьызыхуэтынштэкъым. Абыкъ кьабж илъэсыр «тропическэм» нэхърэ дакъикъэ 11-рэ секунд 14-кIэ нэхъыбэт. Аращ кьызыхкIауэ щытар илъэси 128-рэ кьэс зы жэщ-махуэ пох ядыдзэнырэ. 1582 гъэм а «щыщIагъэр» ягъэзэкIуэжьын мурадкIэ, урым папIэ Григорий XIII и унафэкIэ щIэныгъэлIэр «юлианскэ» календарым аргуэру зэ хагъэлэжьыхьыжащ. Абы щыгъуэ зэгуриуат илъэс 400 кьэс махуи 3 календарым кьыхадзыну. «Високосныр» гъэхэм хагъэхIащ зи щэ бжьыгэхэр 4-м хуэбгуэш хъу, нолитIкIэ иух илъэсхэр. Псалъэм пащIэ, 1700, 1800, 1900 гъэхэр. А щIыкIэм тету зэрагъэзэхуэжа махуэгъэпсым «стилыщIэм и календарKIэ» е «григорианскэкIэ» еджэ хъуащ.

Иджы дэ хъэдгъэсэбэп «григорианскэ» махуэгъэпсым и илъэсыр «тропическэ» гъэм нэхърэ зэрынэхъ кIыхьыр секунд 26-рэ къудейщ. Пэжщ, ари щыуагъэщ, ауэ абы зы жэщ-махуэ «щыщэхуихьэсыфынур» илъэс 3280-м и кIыхьагъкIэщ.

Октябрь революцэ иным и ужькIэ, 1918 гъэм щIышылъэм и 24-м РСФСР-м и ЦIыхубэ Комиссариатым кьыдигъэкIа Декретым икIэ иткIэ, ди къэралым «григорианскэ» календарыр кьыщащтащ икIи махуэ бжьгъэхэр суткэ 13-кIэ япэкIэ ягъэIэпэхъуащ. А гъэ щIыкIэм щIышылъэм и 31-м кьыкIэлъыкIуэ мазаем и 1-р е 14-нэу ягъэувами, тхьэмахуэ зэхуакум хыхьэ махуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэу кьагъэнэжащ.

А календарми щыщIэныгъэ зыбжанэ иIэщ: мазэхэм я махуэ бжьыгъэхэмэ тхьэмахуэ зэхуакум кьрихьыдэ мазэхуэщIэхэмрэ я зэкIэлъыкIуэкIэр щызэтемыхуэр нэхъыбэщ. КьыщынэмыщIауэ, мазэхэм, кварталхэм, илъэс ныкъуэхэм я кIыхьагъри зэхуэдэкъым. А щыщIэныгъэхэр гъэкIуэдыным хуэунэтIауэ щIэныгъэрыгъэлажьэхэм проект куэд кьагупсысащ икIи зэхалъхьащ. Ауэ зэкIэ а Iэхъум кьэрал псори хуэхъэзыру зэрыщымытым кьыхэкIыу, абыхэм гъэуэгу ираты кIыр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Бокс

Зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщыкIэфIыр къыхагъэщ

Налшык дэт «Гладиатор» спорт комплексым махуитхуэкIэ щекIуэкIащ боксымкIэ зэхуэдэ къыхэхам хэхуэным щIэбэныну КъБР-м къэкIуат зи ныбжьыр илъэс 19 - 22-м ит спортсмен 200-м щигъу.

ЗЗХЬЭЗЗХУЭМ щытекIуэхэмрэ папщIэ Урысейм боксымкIэ и федерацэм саугъэт фонд игъэуват. Япэ уэрыпIэхэр зыубыдахэм Kia Rio автомашинэм и IункIыбзэIухрэ сом мин 300-рэ ираташ. Дыжьын медалхэр къэзыхьахэм хуагъэфащащ сом мин 200, домбейкъыщ къызыпIысасхэм - сом мини 100. КьышынэмыщIауэ, спортсменхэм я тренерхэм я къалъсащ боксёрхэм кьахьа сагъэтхэм я процент 30-м хуэздиз. Домбеяхъ медалхэр кьэзыхьахэм ящыщщ боксымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гъэсэнхэу Макитов Хьэсэнрэ (кг 64-рэ) Гижгиев Юсуфрэ (кг 69-рэ).

«Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэмрэ кьыщыхэжаныкIэхэмрэ сыныбжьхуэхьу. Спортсменхэм кьагъэлъэгъуащ бокс удэзыхьэх. Къыхэзэгъэщыну сыгуэркIуейщ, кьэралым и гуп нэхъыщхьэм къэкIуэну хъарзынэ зэрилэр. Мы боксёрхэм ящыщ куэдыр абы и бжэм тоуIэр, нэхъыжьыуэхэм хуэфащэн хьэрхуэрэгъу яхуэхъуфынущ. Ар фIы дыдэщ. КъыкIэлъыкIуэу къыхэзгъащIыну сыхуейщ Налшык зэхьэзэхуэр къызэрызэригъэпэщащ. Дызэрыщыгугъауи, псори фIы дыдэу екIуэкIащ. Боксыр - Урысей лъхъэм и телъхьэщ», - зэхуигъэзащ къызэхуэсахэм Урысейм боксымкIэ и федерацэм и секретарь нэхъыщхьэ Кремлёв Умар.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЦIыху щыхэкIуэда къэхъуакъым

Фысакъ!

Илъэсыщ1э зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр мафIэсыншэу кIуакъым. 2020 гъэм щIышылъэм и 1 - 8-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафIэсгъэункIыфIхэр 22-рэ ираджащ. Хъыбар нэпцIкIэ тIэу зрачын хуей хъуащ. Псэуплэхэм къыщыхъуащ мылъку хэщIыныгъэ къызэрикIуа мафIэсу 8. Автомашинэ зэ къэлыдащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, республикэм къыщыхъуа мафIэсхэм ящыщ зыбжанэм и щхьэусыгъуэр илъэсыщIэр къызэрихьэр щагъэлъапIэкIэ цIыхухэм сакъыну зэращыгъупщэрщ.

- ЗыГЪЭПСЭХУГЪУЭ махуэхэм Налшык мафIэсу 7 къыщыхъуащ, Бахъсэн районым - 6, Iуащхьэмахуэ куейм - 3, Лэскэн куейм - 2, Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Тэрч, Аруан районхэм - зырыз. А махуэхэм Майр, Шэджэм, Шэрэдж куейхэм зы мафIэсси щатакъым, - къет Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэтыныжьмкIэ-къеГъэлыныжьмкIэ и IэнатIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ **Сэбан Арсен**.

ЩIышылъэм и 1-м, щэджажьуэ нэужьым, мафIэс-къеГъэлакIуэ часть №97-м и лэжьакIуэхэр кIуащ метр зэбгъуэзэнатIэ 65-рэ хуэ тыкуэным къыщылыда мафIэр ягъэункIыфIыну. Абыхэм Iуэхур и чэзыуэфIахэм и фIыгъэ лей зытехьа щыIэкъым, Iэмэпсымэхэр, пэшыр къэгъэщIэрэщIэжьын зэрыхуейм и гугъу умыщIмэ.

А махуэ дыдэм и пщыхьэщхьэм Бахъсэн къалэм Шыкуэм и уэрамым тет уней лъапсэхэм я зым мафIэс къыщыхъуащ. Метр зэбгъуэзэнатIэ 45-м мафIэм щисащ унэгъащIэхэр, хьэпшыпхэр.

ЦIышылъэм и 4-м Лэскэн районым хьэ Анзорей къуажэм къыщыхъуа мафIэсым метр зэбгъуэзэнатIи 160-м щисащ гуэшыпэ псэупIэмрэ я унащхьэ.

ЦIышылъэм и 7-м сыхьэти 8-рэ дакъикъ 17-м Лэскэн районым хьэ МафIэдан къуажэм уней лъапсэм мафIэс къыщыхъуащ, икIи метр зэбгъуэзэнатIэ 20 къызэщIэзыубыдэ къуэщIэн унащхьэр исащ.

А махуэ дыдэм Прохладнэм мафIэм щисащ дачэм ит унэ цIыкIум и унащхьэмрэ хьэпшыпхэмрэ.

Зыгъэпсэхугъуэ иужьрей махуэм (щIышылъэм и 8-м) Бахъсэн къалэм уней лъапсэм къыщыхъуа мафIэсым метр зэбгъуэзэнатIи 100-м щыхихьащ унащхьэмрэ хьэуазэ зэкIуэщIыщхьэ тонни 10-рэ.

Нэхъыщхьэраци, Къэбэрдей-Балъкъэрым зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм къыщыхъуа мафIэсхэм цIыху щыхэкIуэда, фэбжь щыхаха къэхъуакъым

МафIэм фIыуэсакъ! Фэри фи унэри мафIэсым щыфхъумэ! Фигу къэдгъэкIыжьащи, Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пщIэтынымкIэ-къеГъэлынымкIэ и Iэхъуцапи1эм жэщи-махуи щолажьэ «дзюдо зрагъэз» телефон-: 8 (8662) 42-15-17 номерымкIэ фыпсалъэу фыщIэупщIэ, фыченджащэ хъунущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Фэеплъ

«Вагъуэхэр» Iэпщэм къызэщIекъуэж

ЩIышылъэм и 1-м щыщIэдзауэ, «Спартак» щIэзу щыщIэзыхуэсат адыгэхэм ящыщу япэ дыдэу Совет Союзым футболымкIэ и чемпион хъуа Iэпщэ Александр къызэралъхуэр илъэс 80 зэрырикъур ягъэлъэпIэну. Абыхэм яхэтт Къэбэрдей-Балъкъэрым и топджэгум и лъабжьэр зыгъэпIыла икIи къэралпсо утыкум ехьулIэныгъэкIэ изыша щIалэ захъырэзман куэд: Налшык и «Спартак»-м и щIыхьыр илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм зыльымахуэу Сыжажэ Валерэ, Гогибедашвили Заур, Гъубж Вячеслав, Хьэнцэ Аслъэнбэч, Мэшыкъуэ Аслъэн, абы щыджэгуагъэхэр, и тренер нэхъыщхьэу щытахэр, Къумыкъу Виктор, Красножан Юрэ, Шыпш Тимур, Биджий Хьэсэнбий сымэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, Правительствэм къикIахэр, Iэпщэ Александр и щIэр зезыхьэ футбол академием и гъэсэныгъэр, и ныбжьэгъуу, зыщIыхьуу щытахэр, и унагъуэм щыщIхэр. Зэрымыпсэужрэ илъэс 28-рэ дзкIами (1991 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м дунейм ехыжащ), Iэпщэм хуэзфIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «топджэгум и вагъуэхэр» и пшыхьым къыщыдзэщIикъуэжьну.*

СЫТ щIыГъУИ хуэдэу дахэу, зэгъэкIуаэу зэIущIэр езыгъэкIуэкIа Налшык дэт курыт аджапIэ №31-м и директор икIи «Спартак» стадионым и диктор Бгъуэжь Анзор къызэхуэсахэм иджыри зэ ягу кьигъэкIыжащ. Iэпщэ Александр и гъащIэ гъуэгуанэмрэ топджэгум щIиа ехьулIэныгъэхэмрэ. Дауи, абы къыхигъэщхьэхуэкIащ 1964 гъэм Тбилиси и «Динамо»-м хэту СССР-м и чемпион зэрыхьуамрэ, кьыкIэлъыкIуэ илъэсым Налшык кьигъэзэжу, ди «Спартак»-м и гъусэу Урысей Федерацэм и дыщ медалхэр къызэрихьамрэ. Псальэмакъыр щIигъэбыдэрт а лъэхъэнэм траха видеотеплъэхэм.

Пшыхьым япэу псалъэ щратащ хэгъэрейхэм кьабгъэдэкIыу утыку кьихьа **Iэпщэ Анатолэ**. Къызэхуэсахэм абы фIыщIэ ин яхуищIащ я лъэпкъым и мызакъуэу республикэр, къэралыр зэрыгушхуэ я къуэшыр зэрызыщамыгъэгупщэм, хуэфащэн пщIэ лъагэ зэрыхуащIым кьыхэкIыу.

Адэкъ псалъэмакъым кьыхэихьа **Сыжажэ Валерэ** гуапэу игу кьигъэкIыжащ Мэзкуу и «Динамо»-м и тренер нэхъыщхьэ Якушин Михаил 1961 гъэм Iэпщэмрэ абырэ я командэм зэрыригъэблэгъуэу щытар.

Iэпщэ Александр Мэзкуу щыщIа лъэхъэнэм зэрыхуэза щIыкIэр игу кьигъэкIыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и спорт факультетым футболым и теориемрэ практикэмрэ щезыгъэдж, педагогикэ щIыгъэхэм я кандидат **Къуэжэм Аслъэн**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым мыдрейм кьыхуэнэжыр Сашэ къызэригъэпэща Iэмал гъуэзэджэр химыгъэкIуэдэну арати, хэгъэрейхэм я гъуэр хигъэщIащ. «Тельыджэщ!», «ФIэщщыгъуейц!» зэпгъэкIуэрт къэхъуар ягъэщIагъэрт стадионым кьрихьэлIахэм. Сэри абы сригушхуэрт.

Iэпщэ Александр къызэралъхуэр илъэс 80 зэрырикъуэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхьыр зэхэухуэнат гукъэкIыжхэмрэ уэрэдхэмкIэ. Топджэгум куэд щIауэ хуабжьу дихьэхуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист **Текуев Амурэ** Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Дау Марьянэрэ** пщIыхьэщхьэ ягъэбжьыфIащ. КъэкIуэну дахэ зэрыIэр къызэуэсахэм ригъэлъэгъуащ Сашэ и шыпхъум и къуэрылъху **Къуныжь Елизаветэ** и уэрэд жыIэкIэм.

КъБР-м и Парламентым «Захуагъэ зэдзщIэ Урысей» партым щIэ фракцэм и пашэ **Кебеков Владимиррэ** философие щIэныгъэхэм я доктор **Хьурей Феликсри** я мащIэтхъым пшыхьым кьрихьэлIахэм жраIэн. Абыхэм кьыхагъэщащ Iэпщэ Александр и фэеплъ дахэр хъума хъун, ар щIэблэм я деж нахьэсын папщIэ кьыззэриненкIа унагъуэ дахэм, псом хуэмыдэу и щхьэгъуэз Риммэ, куэд дыдэ зэрызэфIагъэкIыр икIи абы папщIэ пщIэ лей зэрахэщIыпхъэр. «Iэпщэ Александр зейр кьызыхэкIа унагъуэм, лъэпкъым я закъуэкъым, атIэ ар республикэ псом, къэралым я щIэинджэ, кьыхагъащащ а нэхъыщхьэфIхэм.

1965 гъэм Iэпщэм дэщIыгъуу Урысей Федерацэм и чемпионыгъэм нэса «щIалэ 16 дыдзкIэм» ящыщу, ди жагъуэ зэрыхъущи, псэууэ къэнэжар Къэмгъуокъуэ малъхъэ яхуэхъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъащIэ псор иужькIэ езыпха **Гогибедашвили Заурщ**. Абы и гукъэкIыжхэр зыфIэмыкъэлэмэт щIыIэу кьыщIэкIынтэкъым.

Видеокъэгъэлъэгъуэныгъэм и Iэмалхэр кьагъэсэбэпри, пшыхьым я гукъэкIыжхэр утыку кьыщрахьащ Iэпщэ Александр и тренерхэм, щыдэджэгуахэм, фIыуэ зыщIыхуу щытахэм.

Пшыхьым кьыкIэлъыкIуа щэбэт махуэм «Налшык» спорткомплексым щекIуэкIащ зыкъом щIауэ илъэс къэс кьызэрагъэпэщ Iэпщэ Александр футболымкIэ и республикэпсо фэеплъ зэхьэзэхуэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.
Сурэтхэр
Толгуров Камал *трихащ.*

Май щIынатIэ

Ухуэныгъэхэм къахохъуэ

«Иджырей еджапIэ» федеральнэ проектым гъэзэгу егъуэт.

ДЫЗЫХУЭКIУЭ илъэсищ Май щIынатIэм курыт еджапIэщIэу 2 къыщызэIуахынущ - Новэ-Ивановскэ къуажэмрэ Май къалэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм пщэрыпIэ зыщIищIыжащ ухуэныгъэщIэхэм ехьэлIа проектымкIэ дэфтэрхэр мы илъэсым фIимышу игъэхъэзыру «къэрал экспертизэ» и лъэныкъуэкIэ абы текIуэдэну ахъшэри яхуитыну. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм Iэмал къаритынущ къэрал программэхэм ящыщ зым хэгъэубыдэу, федеральнэ бюджетым кьыхэкI мылъкукIэ лэжьыгъэр кьрахьэлIэну. ШколыщIэхэм ящыщ зым и лъабжьэр щагъэпIылъынущ щыпIэр ягъэбелджылащ - Новэ-Ивановскэ къуажэм дэт еджапIэжьым пэжьыжьэкъым. Школым 2022 гъэ пщIондэ елэжьын хуейуэ щыт пэтми, ухуакIуэхэр Iуэхум нэхъ пасэу пэлъэщыну мэгугъэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Налшык и «Динамо»-м и Парламентым и унафащIу зэхуэсыгъуэ зыбжанэм щыта **Нэхущ Заурбий** кьыхигъэщащ езыр зэи топ джэгуу щымытами, Iэпщэ Александр теухуа пшыхьхэм иджы ещанэу и гуапэу кьыззэриихьэлIэр. «Апхуэдэхэращ лъэпкъыр зыIэтыр, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлIалIэгъужьыр», - жиIащ абы.

ГукъэкIыж Iэфхэр и куэдт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и чэнджэщгъу, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **Къумыкъу Борис**.

- Нобэ хуэдэу сощIэж Iэпщэ Александр зи капитан Налшык и «Спартак»-р сэ сыщеджэ Саратов къалэм и «Сокол» командэм дэджэгуну 1963 гъэм накъыгъэм (майм) и 19-м нызэрыкIуаэу щытар, - ядэгуэшащ ар къызэхуэсахэм. - ЦIыху мин зыбжанэр къэукъубеуэу зэрыс стадион абрагъуэм си закъуэт ди щIалэхэм кьыщыдэщIыр. Зэпеуэр льэщу кьыщIэзыдза хэгъэрейхэм щэч кьытрахьэртэжьым хьэщIэхэр зэрырагъэкIуэтынум, ауэ Iэпщэ Александр, Мэзкуу и «Динамо»-м и кьыхэкIыжу кьапэщIэтхэм кьаззэрыхьэжам, зэрапашэм, машIэу игъэгуазэврт. Икли ар щхьэусыгъуэнэштэхъуэ: Сашэ ахэр хуабжьу игъэгулэзырт. 36-нэ дакъикъэм кьэхъуэ телъыджэм иужькIэ куэдра цIыхуэхэр кьэлъэта топым Iэпщэ Александр бгъэгукIэ зэригъэгъазэри, «Сокол»-м и гъуэм пэмыжьжьыр щыт Зотов Алексей хуигъэжащ, ар ящыщ щыIэ Александр и тренер. Абы щыгъэльэгъуэ, Iэпщэ Александр и гъащIэм и ныбжьэгъуу, зыщIыхьуу щытахэр, и унагъуэм щыщIхэр. Зэрымыпсэужрэ илъэс 28-рэ дзкIами (1991 гъэм дыгъэгъазэм и 17-м дунейм ехыжащ), Iэпщэм хуэзфIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «топджэгум и вагъуэхэр» и пшыхьым къыщыдзэщIикъуэжьну.

Налшык дэт «Гладиатор» спорт комплексым махуитхуэкIэ щекIуэкIащ боксымкIэ зэхуэдэ къыхэхам хэхуэным щIэбэныну КъБР-м къэкIуат зи ныбжьыр илъэс 19 - 22-м ит спортсмен 200-м щигъу.

ЗЗХЬЭЗЗХУЭМ щытекIуэхэмрэ папщIэ Урысейм боксымкIэ и федерацэм саугъэт фонд игъэуват. Япэ уэрыпIэхэр зыубыдахэм Kia Rio автомашинэм и IункIыбзэIухрэ сом мин 300-рэ ираташ. Дыжьын медалхэр къэзыхьахэм хуагъэфащащ сом мин 200, домбейкъыщ къызыпIысасхэм - сом мини 100. КьышынэмыщIауэ, спортсменхэм я тренерхэм я къалъсащ боксёрхэм кьахьа сагъэтхэм я процент 30-м хуэздиз. Домбеяхъ медалхэр кьэзыхьахэм ящыщщ боксымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гъэсэнхэу Макитов Хьэсэнрэ (кг 64-рэ) Гижгиев Юсуфрэ (кг 69-рэ).

«Зэхьэзэхуэм щытекIуэхэмрэ кьыщыхэжаныкIэхэмрэ сыныбжьхуэхьу. Спортсменхэм кьагъэлъэгъуащ бокс удэзыхьэх. Къэхъэзгъэщыну сыгуэркIуейщ, кьэралым и гуп нэхъыщхьэм къэкIуэну хъарзынэ зэрилэр. Мы боксёрхэм ящыщ куэдыр абы и бжэм тоуIэр, нэхъыжьыуэхэм хуэфащэн хьэрхуэрэгъу яхуэхъуфынущ. Ар фIы дыдэщ. КъыкIэлъыкIуэу къыхэзгъащIыну сыхуейщ Налшык зэхьэзэхуэр къызэрызэригъэпэщащ. Дызэрыщыгугъауи, псори фIы дыдэу екIуэкIащ. Боксыр - Урысей лъхъэм и телъхьэщ», - зэхуигъэзащ къызэхуэсахэм Урысейм боксымкIэ и федерацэм и секретарь нэхъыщхьэ Кремлёв Умар.

ЖЫЛАСЭ Замир.

ЦIыхуэ щыгъэкIуэ

Фысакъ!

**Илъэсыщ1э зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр мафIэсыншэу кIуакъым. 2020 гъэм щIышылъэм и 1 -